Жэрдэм гъэщIэгъуэнхэм я гъэзэщIапIэ

2-нэ нап.

ТекIуахэр ягъэпажэ

2-нэ нап.

ШколакIуэхэм КъБКъУ-м и библиотекэм зыщаплъыхь

3-нэ нап.

Лъэпкъ IуэрыIуатэр зыгъэбея

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№148 (24.430) ● 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 13, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Бейтыгъуэныр ягъэлъапIэ

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Конституцэм и махуэм теухуауэ республикэм исхэм ехъуэхъуащ

Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэмкIэ псоми сынывохъуэхъу.

Иджырей Урысейм и зыужьныигъэм и лъэхъэнэ нэхъ гугъуэхэм хиубыдэу къащта Закон Нэхъыщхьэм къэралым и суверенитетымрэ щIыналъэмрэ хъумэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ, абы жылагъуэ, къэрал къызэгъэпэщыкIэм и хабзэ нэхъыщхьэхэр щIигъэбыдащ, цIыхухэм я куитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ фIыгъэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр, властым и хэкIыпIэр цIыхубэр зэрыарар къиргъэлъэгъуащ. Иджы къагъэщIэрэщIэжа Конституцэр къэралым и хабзэ системэм и лъабжьэщ, хэкур зэпIэзэрыту ялэкIэ гъэкIуэтэнымкIэ, арefIакIуэнымкIэ, цIыхухэм я псэукIэм зегъэужьынымкIэ шэсыпIащ.

Дэ ди къалэныр лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ икIи дэтхэнэ зы цIыхуми хуэгъэза Iуэхугъуэхэр щыубзыхуа Закон Нэхъыщхьэм пщIэ хуэтщIынырщ икIи ар къэтлъытэнырщ.

Ди къарур зэгъэIуэуэ дылажьэмэ, Конституцэм и хабзэ нэхъыщхьэхэмрэ абы къытхуэзIуих эфIакIэхэмрэ тегъэщIапIэ тщIымэ, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр, ди Хэкур егъэфIакIуэным хуэгъэзауэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэр къызэрыдэхъулIэнум шэч къытесхьэркъым.

Узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, фIыгъуэ, efIакIуэныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

КIУЭКIУЭ Казбек,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Конституцэм и махуэм теухуауэ республикэм исхэм ехъуэхъуащ

Ди къэралым XX лIэщIыгъуэм щIэх-щIэхыурэ зэхъуэкIныигъэ инхэр къыщыхъуащ. ЩIы хъурейм и Iыхьэ ханэм Совет властыр тепщэ щыхъуэ ижь, пIалъэ-пIалъэкIэрэ ди деж къыщащтащ абыхэм ядекIуну конституцэхэр. Ар лъэпкъхэм я зыужьныгъэм щIэгъэкъуэнышхуэ хуэхъуауэ щытащ. Апхуэдэу 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 7-р СССР-м и тхыдэм хыхьащ «Зызыужьа социализмэм и Конституцэр» къыщащта махуэу, ауэ абы лъэужьышхуэ къигъэнакъым.

СССР-р, абы кIэлъыкIуэу Совет властыр щылъэлъэжым, къэралым и ухуэкIэми зихъуэжащ. Зэманым декIун Конституцэ къащтэн хуейт. ЯгъэхьэзыраХабзэ Нэхъыщхьэм и телъхьэу щIыхубэм я нэхъыбэм Iэ яIэтащ 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м. КонституцэщIэр ялэ итахэм сыт и лъэныкъуэкIи къащхьэщыкIырт. Тхыдэм хэта Хабзэ Нэхъыщхьэ псоми ар щIедэкIыр цIыхум и хуитынигъэхэр, лъапIэныгъэхэр ялэ зэрыригъэщырт.

ЖыпIэну иирикъунщ къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм иджы ялэ дыдэу ЦIыхум и хуитынигъэхэм псоми я зэхуэдэ декларацэр ялэ IыхьэУ декларацэхэр. Уеблэмэ абы тегушхуакъым демократиер къызэбгIыу къалъытэ зызыужьа къэрал куэд. Апхуэдэ дыдэу ялэ хъунущ ди къэралым зыщыщ лъэпкъ, ибыгъ дин я лъэныкъуэкIэ, нэгъуэщIкIэ цIыхухэр зэхэгъэж ящIу зэрыщамыдэр, властыр цIыхубэм и пащхьэм и деж жэуапткIуэу зэрыщыщытыр, медицинэ Iэхъутхьэбзэхэр, егъэджэныгъэ IэнатIэр зэрыщыпщIэнщэр, н. къ. Дэтхэнэми хуитынигъэ иIэщ къэрал унафэщIхэр хихыну е езым зыхригъэхыну.

Илъэси 10-м щIигъкIэ дыгъэгъазэм и 12-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу щытащ. Ауэ 2004 гъэм Къэрал Думэм Лэжьыгъэ кодексым зэхъуэкIныигъэхэр хилъхьащ, ар лэжьэгъуэ махуэу къэлъытэнкIи теухуауэ. Абы емылъытауэ, дыгъэгъазэм и 12-м ди хэкум и дэнэ щIыпIи гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр, «стIол хуурейхэр», конференцхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, пэкIуэхэр щокIуэкI, къэралым и хабзэ нэхъыщхьэр ягъэлъапIэ.

Конституцэм къэралыбзэм пыщIа гугъуехьхэр игъэкIуэдащ, къэралым ис лъэпкъ мащIэхэр хъумэным хущIокъу. КъищынэмыщIауэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и субъектхэр зэхуэгъэдэныр. Ахэр псори къыщыхьащ Хабзэ Нэхъыщхьэм икIи федеральнэ къулыкъущIапIэхэми щIыналъэ къулыкъущIапIэхэми я къалэнхэр пыухыкIауэ итхащ, хэгъэгухэм я гъунапкъэхэр къыщыгъэлъэгъуащ, дэтхэнэми и къэрал ныпыр, гербыр, гимныр итщ. А псом Урысейр зэкъуигъэувэ, нэхъри къыщIэкIынкъым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2020 гъэм и пэщIэдзэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхилъхьэри, УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIныигъэхэр хилъхьащ. Абы щыгъэпсэлъыхьащ къэралым и дэнэ хэгъэгуи. ЗэхъуэкIныигъэхэм елэжьащ Къэрал Думэм и комитетхэм, ФедерацэмкIэ Советым хэтхэр, къэралым и УнафэщIым къыхэзыгъэпэща Iэжьакъуэ гупыр. А гупым хьыкащ щIэныгъэлIхэр, политикхэр, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, гъуэзджэм я лэжьакIуэхэр, жылагъуэр. Арыншауи хъунутэкъым, ар тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэщхьэ.

Игъэхьэзыра зэхъуэкIныигъэхэм къыщалъытащ цIыхубэм я епIыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ. Абыхэм къыхалъхьаехр гу зылъытапхъэ защIэт: сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтэхэмрэ яхуэсакъын, псоми я зэхуэдэ, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iэхъутхьэбзэ, пщIэ зиIэ лэжьыгъэ IэнатIэ, къэралыгъуэ пащхьэ, псэукIэ зэгъэпэща къыздэгъэпэщын, нэгъуэщIхэри.

Псом я дежкIи гурыIуэгъуэщ Хабзэ Нэхъыщхьэм хилъхьа зэхъуэкIныигъэхэр цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу зэрыщытыр. Нобэрей гъащIэм и щхьэпIэу плъытэ хьунущ ахэр. Псалъэм папщIэ, шэч къытехьэн хуейкъым жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ коммерцэ Iуэхум емыпха зэгъуэныгъэхэмрэ къыхуагупсыса Iэмалыщ Iэхэмрэ зэкIыпIэхэмрэ ятеухуауэ Конституцэм хилъхьа зэхъуэкIныигъэхэр хуабжьу сэбэн зэрыхъунур. Сыт граждан жылагъуэр зищIысыр? Ар дэращ, Урысейм щыпсэу цIыхубзыр. Къэралым къыщыхъу-къыщыщIэхэр къызыфIэIуэху, абы и зыужьныигъэм хуэпабгъэ, efIакIуэныгъэм зи гущIэрэ къарурэ хэзылъхьэ дэращ жылагъуэ хъужыр.

Граждан жылагъуэр - Урысейм щыщыIэ гъащIэр езыгъэфIэкIуэну жэрдэм зиIэ, абы и цIыхухэм ядэIэпыкъуну сыт щыгъуи хьэзыр, псэукIэр нэхъ тынш ящIыну лажьэ цIыху гупыр зэщIэзыгъэуIэ, комерцэм емыпха зэгъуэныгъэхэрщ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэр къэрал политикэр ухуэным хэлэжьыхьыну Iэмал яIэ зэрыхъуам. А зэгухьэныгъэхэм хэт цIыху гумызагъэхэрщ цIыхубэм я гугъуехьхэр зыщIэри, лъэпкъыбзэхэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным епха Iуэхуэхэр къэзыгъэнэIуэфу, къэрал къулыкъущIэхэм я дежкIэ нэзыхьэсыфынур.

Урысей Федерацэм и Конституцэм хилъхьэну зэхъуэкIныигъэхэр щыубзыхум, абы теухуа Iэлэтим жыдэжру хэтащ ди республикэри. ЩIыналъэхэм щылэжьа гупхэм ягъэхьэзырыжа протоколэм ятпэ иткIэ, республикэм и ХэхакIуэ комиссэм игъэбелджылащ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху 424147-м Iэ зэрыщалэтар, ар хэхьныгъэм хэтыну хуитхэм я процент 78,31-рэ мэхъу. Урысей Федерацэм и Хабзэ Нэхъыщхьэм хилъхьа зэхъуэкIныигъэхэмкIэ арэзыуэ къыщIэкIащ цIыху 362739-рэ, ар Iэ зыIэтахэм я процент 85,52-рэ мэхъу. Зэрымыарэзыр къэзыгъэлъэгъуащ и бжьыгъэр 53795-рэ хъурт (процент 12,68-рэ).

Урысей Федерацэр зэрыщыту къапщтэмэ, Конституцэщ IэмкIэ арэзыуэ цIыхухэм я процент 77, 92-м Iэ яIэтащ.

ИльэситIрэ ныкъуэрэ хъуауэ лажьэ Хабзэ Нэхъыщхьэ къагъащIэрэщIэжам зэхъуэкIныигъэ 206-рэ хилъхьащ. Абыхэм я зы Iыхьэр зытеухуар къэралым и суверенитетыр гъэбыдэнырщ, адрейхэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIакIуэным, илъэсым зэ нэхъ мыхьэуми пенсэр хэгъэхъэныр, унагъуэм, сабийм защIэгъэкъуэныр, упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм хуэдиз ахъшэм упахэ нэхъ цIыкIэр егъэфIакIуэныр, нэгъуэщIхэри.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замиря.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущ Iапи Iэхэм къызэратамкIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм щригъэкIуэкIащ уэздыгъэ зимыIэ жылагъуэхэм я Iуэху зыIутым щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

Лэжьыгъэхэр зэпагъэуркъым

АБЫ ХЭТАЩ щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, «Россети Северный Кавказ»-мрэ министерствэхэмрэ я унафэщIхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэщ IагъэлIэхэм къищынэмыщIа, Гъунэгъу республикэхэм къикIахэри яхэтщ, цIыху 500-м нэс йолэжь мы Iуэхум.

Республикэм и Iэтащхьэм ящIапхъэхэр игъэбелджылащ, социальнэ, медицинэ, еджапIэ Iуэхущ Iапи Iэхэм нэхъ тегъэщIауэ. Мыгувэу уэздыгъэр иратыжынущ Дзэлыкъуэ, Бахъсэн щIыналъэхэм хиубыдэ жылагъуэ зыбжанэмрэ Шэджэм къалэмрэ.

«Ди жагъуэ зэрыхъунщи, метеорологхэм къат хъыбархэр щIагъуэкIым. МЧС-м къызэритымкIэ, мылыр дыгъэгъазэм и 13 хъуху тельынущ. Уеблэмэ нэгъуэщI щIыпIэхэм дежи кIапсэхэр щызэпычынкIэ шынагъэ щыIэщ. НобэкIэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хьуэам -1 щищIыIагъщ, пшагъуэ Iув тельщ. Арами, лэжьыгъэхэр зэпыуркъым. ФIыщIэ фхузощI ди Iуэху зыIутыр къызэрыгурыIуэм папщIэ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм и Телеграм каналым кърилъха тхыгъэм.

Александровскэм школыщIэ дащIыхьынущ

УФ-м и Президентым и лыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий яIущIащ зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм. УФ-м и щIыналъэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зыхэта а зэIущIэр видеоэзэпыщIэ IэмалымкIэщI зэрекIуэкIар.

КИФЩI-м и цIыхухэм Президентым зэрызыхуагъазэ упщIэхэр нэхъыбэу епхат сабий зеинщхэмрэ зи адэ-анэ зыщхьэщыщымыт сабийхэмрэ защIэгъэкъуэным, поликлиникэхэр, амбулаторэхэр, гъэгугхэр зыхуэй хуэгъэзэным. Дэтхэнэми теухуауэ КИФЩI-м и щIыналъэ Iэтащхьэхэм къалэн пыухыкIахэр хуагъэбелджылащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу полномочнэ лIыкIуэм зыхуагъэзащ Александровскэ къуажэдэхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ къуажэм курыт еджапIэ, сабий сад дэщIыхьын зэрызыхуейм.

КIуэкIуэ Казбек КИФЩI-м лIыкIуэу щыIэ Чайкэ Юрий щигъэгъуэзащ а упщIэм теухуауэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм.

КъБР-м и Май куейм хиубыдэ Александровскэ къуажэм щIыху мини 3,5-рэ щопсэу, абы щыщу 700-р сабийщ. Къуажэм дэтщ 9-нэ курыт еджапIэмрэ 12-нэ сабий сад-пэщIэдзэ школ «Теремок»-мрэ. Къуажэдэхэм я бжыгъэр хохьэ, сабийхэри куэд махъу. Ар къалытэри, школым хуэныгъэшхуэхэр къыщызэрагъэпэщащ, унэжьыр зыхуей хуагъэзэху, сабийхэр щеджэну унэщIэ ящIащ. Лэжьыгъэхэм ильэситI ихьынущ икIи 2023 гъэм и кIэм нагъэсыну мэгугъэ. Абы къищынэмыщIауэ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, 2023 гъэм станицэм щрагъэжьэнущ сабий 200 зыщIэхуэ зыкIыщIэм и ухуэныгъэр. А Iуэхум ом мелуан 206,7-рэ текIуэдэнущи, абы щыщу ом мелуан 204,6-р федеральнэ мылькум къыхэкIынущ. ЕджакIуэхэм я щIэныгъэм нэхъри хагъэхъуэн папщIэ, «ЩIэнхабзэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу къагъащIэрэщIэжащ Александровскэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэр.

Къэралыр нэхъ лъэщ зыщI псори къыщыгъэлъэгъуащ

Ди къэралым XX лIэщIыгъуэм щIэх-щIэхыурэ зэхъуэкIныигъэ инхэр къыщыхъуащ. ЩIы хъурейм и Iыхьэ ханэм Совет властыр тепщэ щыхъуэ ижь, пIалъэ-пIалъэкIэрэ ди деж къыщащтащ абыхэм ядекIуну конституцэхэр. Ар лъэпкъхэм я зыужьныгъэм щIэгъэкъуэнышхуэ хуэхъуауэ щытащ. Апхуэдэу 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 7-р СССР-м и тхыдэм хыхьащ «Зызыужьа социализмэм и Конституцэр» къыщащта махуэу, ауэ абы лъэужьышхуэ къигъэнакъым.

СССР-р, абы кIэлъыкIуэу Совет властыр щылъэлъэжым, къэралым и ухуэкIэми зихъуэжащ. Зэманым декIун Конституцэ къащтэн хуейт. ЯгъэхьэзыраХабзэ Нэхъыщхьэм и телъхьэу щIыхубэм я нэхъыбэм Iэ яIэтащ 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м. КонституцэщIэр ялэ итахэм сыт и лъэныкъуэкIи къащхьэщыкIырт. Тхыдэм хэта Хабзэ Нэхъыщхьэ псоми ар щIедэкIыр цIыхум и хуитынигъэхэр, лъапIэныгъэхэр ялэ зэрыригъэщырт.

ЖыпIэну иирикъунщ къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм иджы ялэ дыдэу ЦIыхум и хуитынигъэхэм псоми я зэхуэдэ декларацэр ялэ IыхьэУ декларацэхэр. Уеблэмэ абы тегушхуакъым демократиер къызэбгIыу къалъытэ зызыужьа къэрал куэд. Апхуэдэ дыдэу ялэ хъунущ ди къэралым зыщыщ лъэпкъ, ибыгъ дин я лъэныкъуэкIэ, нэгъуэщIкIэ цIыхухэр зэхэгъэж ящIу зэрыщамыдэр, властыр цIыхубэм и пащхьэм и деж жэуапткIуэу зэрыщыщытыр, медицинэ Iэхъутхьэбзэхэр, егъэджэныгъэ IэнатIэр зэрыщыпщIэнщэр, н. къ. Дэтхэнэми хуитынигъэ иIэщ къэрал унафэщIхэр хихыну е езым зыхригъэхыну.

Илъэси 10-м щIигъкIэ дыгъэгъазэм и 12-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу щытащ. Ауэ 2004 гъэм Къэрал Думэм Лэжьыгъэ кодексым зэхъуэкIныигъэхэр хилъхьащ, ар лэжьэгъуэ махуэу къэлъытэнкIи теухуауэ. Абы емылъытауэ, дыгъэгъазэм и 12-м ди хэкум и дэнэ щIыпIи гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр, «стIол хуурейхэр», конференцхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, пэкIуэхэр щокIуэкI, къэралым и хабзэ нэхъыщхьэр ягъэлъапIэ.

Конституцэм къэралыбзэм пыщIа гугъуехьхэр игъэкIуэдащ, къэралым ис лъэпкъ мащIэхэр хъумэным хущIокъу. КъищынэмыщIауэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и субъектхэр зэхуэгъэдэныр. Ахэр псори къыщыхьащ Хабзэ Нэхъыщхьэм икIи федеральнэ къулыкъущIапIэхэми щIыналъэ къулыкъущIапIэхэми я къалэнхэр пыухыкIауэ итхащ, хэгъэгухэм я гъунапкъэхэр къыщыгъэлъэгъуащ, дэтхэнэми и къэрал ныпыр, гербыр, гимныр итщ. А псом Урысейр зэкъуигъэувэ, нэхъри къыщIэкIынкъым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2020 гъэм и пэщIэдзэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхилъхьэри, УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIныигъэхэр хилъхьащ. Абы щыгъэпсэлъыхьащ къэралым и дэнэ хэгъэгуи. ЗэхъуэкIныигъэхэм елэжьащ Къэрал Думэм и комитетхэм, ФедерацэмкIэ Советым хэтхэр, къэралым и УнафэщIым къыхэзыгъэпэща Iэжьакъуэ гупыр. А гупым хьыкащ щIэныгъэлIхэр, политикхэр, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, гъуэзджэм я лэжьакIуэхэр, жылагъуэр. Арыншауи хъунутэкъым, ар тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэщхьэ.

Игъэхьэзыра зэхъуэкIныигъэхэм къыщалъытащ цIыхубэм я епIыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ. Абыхэм къыхалъхьаехр гу зылъытапхъэ защIэт: сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтэхэмрэ яхуэсакъын, псоми я зэхуэдэ, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iэхъутхьэбзэ, пщIэ зиIэ лэжьыгъэ IэнатIэ, къэралыгъуэ пащхьэ, псэукIэр зэгъэпэща къыздэгъэпэщын, нэгъуэщIхэри.

Псом я дежкIи гурыIуэгъуэщ Хабзэ Нэхъыщхьэм хилъхьа зэхъуэкIныигъэхэр цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу зэрыщытыр. Нобэрей гъащIэм и щхьэпIэу плъытэ хьунущ ахэр. Псалъэм папщIэ, шэч къытехьэн хуейкъым жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ коммерцэ Iуэхум емыпха зэгъуэныгъэхэмрэ къыхуагупсыса Iэмалыщ Iэхэмрэ зэкIыпIэхэмрэ ятеухуауэ Конституцэм хилъхьа зэхъуэкIныигъэхэр хуабжьу сэбэн зэрыхъунур. Сыт граждан жылагъуэр зищIысыр? Ар дэращ, Урысейм щыпсэу цIыхубзыр. Къэралым къыщыхъу-къыщыщIэхэр къызыфIэIуэху, абы и зыужьныигъэм хуэпабгъэ, efIакIуэныгъэм зи гущIэрэ къарурэ хэзылъхьэ дэращ жылагъуэ хъужыр.

Граждан жылагъуэр - Урысейм щыщыIэ гъащIэр езыгъэфIэкIуэну жэрдэм зиIэ, абы и цIыхухэм ядэIэпыкъуну сыт щыгъуи хьэзыр, псэукIэр нэхъ тынш ящIыну лажьэ цIыху гупыр зэщIэзыгъэуIэ, комерцэм емыпха зэгъуэныгъэхэрщ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэр къэрал политикэр ухуэным хэлэжьыхьыну Iэмал яIэ зэрыхъуам. А зэгухьэныгъэхэм хэт цIыху гумызагъэхэрщ цIыхубэм я гугъуехьхэр зыщIэри, лъэпкъыбзэхэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным епха Iуэхуэхэр къэзыгъэнэIуэфу, къэрал къулыкъущIэхэм я дежкIэ нэзыхьэсыфынур.

Урысей Федерацэм и Конституцэм хилъхьэну зэхъуэкIныигъэхэр щыубзыхум, абы теухуа Iэлэтим жыдэжру хэтащ ди республикэри. ЩIыналъэхэм щылэжьа гупхэм ятпэ иткIэ, республикэм и ХэхакIуэ комиссэм игъэбелджылащ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху 424147-м Iэ зэрыщалэтар, ар хэхьныгъэм хэтыну хуитхэм я процент 78,31-рэ мэхъу. Урысей Федерацэм и Хабзэ Нэхъыщхьэм хилъхьа зэхъуэкIныигъэхэмкIэ арэзыуэ къыщIэкIащ цIыху 362739-рэ, ар Iэ зыIэтахэм я процент 85,52-рэ мэхъу. Зэрымыарэзыр къэзыгъэлъэгъуащ и бжьыгъэр 53795-рэ хъурт (процент 12,68-рэ).

Урысей Федерацэр зэрыщыту къапщтэмэ, Конституцэщ IэмкIэ арэзыуэ цIыхухэм я процент 77, 92-м Iэ яIэтащ.

ИльэситIрэ ныкъуэрэ хъуауэ лажьэ Хабзэ Нэхъыщхьэ къагъащIэрэщIэжам зэхъуэкIныигъэ 206-рэ хилъхьащ. Абыхэм я зы Iыхьэр зытеухуар къэралым и суверенитетыр гъэбыдэнырщ, адрейхэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIакIуэным, илъэсым зэ нэхъ мыхьэуми пенсэр хэгъэхъэныр, унагъуэм, сабийм защIэгъэкъуэныр, упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм хуэдиз ахъшэм упахэ нэхъ цIыкIэр егъэфIакIуэныр, нэгъуэщIхэри.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замиря.



Хабзэубзыху советым и зэхуэс

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ I, УФ-м и Хабзэубзыху советым социальнэ политикэмкIэ и комиссэм хыхьэ Егоровэ Татьянэ хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым деж щIыIэ УФ-м и Хабзэубзыху советым Москва къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэхэм.

УФ-м и Iэщ кIэ Зэщ Iэуэзда Къарухэм я генеральнэ штабым и Дзэ академием щекIуэкIащ а зэIущ Iэхэм яз. Абы хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Унафэщ I Матвиенкэ Валентинэрэ Генштабым и Академием и тхьэмадэ Зарудницкий Владимиррэ.

ФедерацэмкIэ Советым и Унафэщ Iым къыхигъэщхьэхукIащ УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэр урысей хабзэубзыху органхэм зэрапыщIам, властым и Iэнатl э псори быдэу зэрыныгъэу, жылпхъэ пыухыкIам тету, зэкъуэту зэдзлэжьэн щыхуей нобэрей зэманым абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Дыгъэгъазэм и 8-м Матвиенкэ Валентинэрэ Къэрал Думэм и Унафэщ I Володин Вячеславрэ ирагъэкIуэкIащ УФ-м и Хабзэубзыху советым и зэIущ I, УФ-м и Президентым и Администрацэм и лыкIуэрэ, федеральнэ правительствэм хэтхэр, къэралым и щIыналъэ хабзэубзыху органхэм я унафэщIхэу Хабзэубзыху советым хиубыдэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэмрэ сенаторхэмрэ зыхэтар. Абы щытепсэлъыхьащ къэралымрэ щIыналъэхэмрэ я социально-экономикэ зыужьныгъэр егъэфIакIуэным теухуа Iуэхуэхэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ адрей щIыналъэхэм я лыкIуэхэм ящIыгъуу хэтащ «Россия - страна возможностей» президент платформэм и Iыхьэу къызэрагъэпэщ «Елка желаний» урысейпсо псапащIэ Iуэхум. Илъэс ещанэ хъуауэ а Iуэху щхьэпэм хэтщ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и ищхьэ палатэр.

Абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэр - хуэмыщIа унагъуэхэм ящIащ сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу гъэгуфIэныгъэ.

Мы гъэм гулыIэ хэха хуащIынущ УФ-м и щIыналъэщIэхэу Донецк, Луганск Цыхубэ республикэхэм, Херсон, Запорожскэ областхэм щыщ сабийхэм.

УФ-м и хабзэубзыху органхэм я лыкIуэхэм Федерацэмкlэ Советым и унэм деж щагъэува псейм къыфIахащ сабий лъэIуэгъэ зэрыт тхыгъэхэр къызыбгъэдэкI сабийм и лъэIур игъэзащIэу, Илъэсыщ Iэм игъэгуфIэну я къалэнщ.

Ди къуэш республикэхэм

СэвкIуийм и философиер

АДЫГЕЙ. ***Къуэкlыпlэм щыпсэу лъэпкъхэм я гъуэджэмкIэ къэрал музейм и Кавказ Ищхьэрэ къудамэу Мейкъуапэ дэтым къыщызэIуахащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыкIуэ сурэтыщI, Художествэхэмкlэ Урысей академием и академик Сэвкlуий Хьэмид и Iэдакъэщ Iэкlхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.***

АР КъЫЩЫЗЭIУАХЫМ хэтащ АР-м щэнхабзэмкIэ и министр Аулъэ Юрэ икIи жиIащ сурэтыщIым и лэжьыгъэхэм хуабжьу купщIэшхуэ зэраIэр, цIыхубэр зэрыдихьэхыр.

«Зауэм и тхьыд» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэм цIыхуцIэ зиIэр зрихьэлIа зауэхэм къарикIуахэм, абы къишэ гуэзвэгъуэм теуха лэжьыгъэхэр утыку къыщирихьащ Сэвкlуийм. АбыхэмкIэ гъуэзджэм и лэжьакIуэм жиIэну зыхуейр зыщ: цIыхур зэрымыгъэшыгъуэфIэр, зэрыхахуэр, лIыгъэшхуэ зэрыхэлыр. Дауи, апхуэдэ тхыдэм щытелэжьыхьым езыр къызыхкIа лъэпкъым и щхьэ кърикIуар къимыгъэлъагъуэу къэнакъым Хьэмид. Кавказ зауэжьым адыгэхэм къахуихьа бэлыхьыр къэзыгъэлъагъуэ сурэтхэмрэ скульптурэхэмрэ иIащ. Уеблэмэ къызэрэхэкIа къызэрыхагъэщамкIэ, езым и адэжьхэм я гъащIэм хэта гуэзвэгъуэр зэрызыхиущIи и фIыгъэкIэ, зауэм и Iеймрэ ар цIыхухэм зэран зэрахуэхъумрэ кIыгъэлъэгъуэфащ.

ФIымрэ Iеймрэ я философиер, къызэрыхэкIа лъэпкъым хуиуса «уэрэдыр» - ахэращ Сэвкlуий Хьэмид и Iэдакъэщ Iэкlхэм зэрыхуащэ гупсысэр.

«Архъыз» и бжэхэр зэIуех

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Архъыз» зыгъэпсэхупIэм и бгы-лыжэ къэжьыхьэпIэхэр дыгъэгъазэм и 10-м къызэIуихащ. Ящ щIыкIэ къэжьыхьыпIэхэм хэзыщIыкIхэр еплъынурэ, дыгъэгъазэм и 17-м зыгъэпсэхугъуэхэр къежэхыну хуит ящIынущ.***

МыГЪЭМ къэжьыхьэпIэ лъагъуэхэр километри 6 мэхъу. Ахэр мы махуэхэм нэхъри уэскIэ щIагъанэ. ЦIыху балигъхэм къэжьыхьыпIэу ятынущ сом 1400-рэ, сабийхэм - сом 900.

Нэгъабэ «Архъыз» зыгъэпсэхупIэм и лыжэ къэжьыхьыпIэхэр дыгъэгъазэм и 4-м къызэIуахри, мэлыжьыхьым и 17 пщIондэ лэжьащ. А пIалъэр зэлъытар дунейм и щытыкIэрщ.

Дамыгъэ лъапIэхэр

АБХЪАЗ. ***1992 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм къыдигъэкIаУэ щытащ АР-м и къэрал дэз саугъэтэр. Абхъазым и Къэрал дамыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ «Абхъазым и Лыхъужь» медалыр, «Леон» орденыр, «Хахуагъэм пащIэ» медалыр. ЩIыхь нэхъыщхь дыдэ зыпылъу къалъытэр «Абхъазым и Лыхъужь» медалращ. Ар лыхъужьныгъэ ин къэзыгъэлъэгъуэ хэкуI нэсым ират. Ящэ дыдэу 1993 гъэм дамыгъэгъазэм и 30-м Куржы-абхъаз зауэм лыхъужьныгъэ къыщызыгъэлъэгъуэ щIыху 25-м иратауэ щытащ, абыхэм ящыщу 15-р хэкIуэдат.***

«ЛЕОН» орденыр зыхуагъэфащэр зауэ зэманым хахуагъэ къызэрымыкIуэ къэзыгъэлъэгъуэхэрщ. «Хахуагъэм папщIэ» медалыр ират Абхъазым и бийхэм ящIэту, хэкум и гъунапкъэхэр яхъумэу, дзэ къулыкъур ягъэзащIэу лIыгъэ къэзыгъэлъэгъуэхэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замиря.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

ПщIэ эхъуэтщI щIэджыкIыкIуэхэ!

**ЩIидзауэ йокIуэкI 2023 гъэм и ятэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэныр. «Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащIэ мази 6-м ди газетым и уасэр: унэм

Жэрдэм гъэщIэгъэнхэм я гъэзэщIапIэ

Гъэзадзкэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ кэрдзи институтым «Артидея» фIэщыгъэм щIэту иджыблагъэ къыщыдзIэухащ жэрдэм гъэщIэгъэнхэм я Iэухущ Iапl Iэ. УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм игъэзащIэ «Щэнхабзэ» къыдэкlыгъэ проектым хэту къыдзэрагъэпэщащ мы Iэухур.

ИДЖЫРЕЙ Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщащ Iэухущ Iапl Iэр щIэгъэкъуэн хъунущ проект гъэщIэгъуэн зиIэхэм, институтым щеджэхэм я мурадхэр гъащIэм хапщэныжмкlэ.

Центрыр къыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къэзыгъэзэ **Хъубий Мурат**, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэкlэр.

Мы центрым хуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым итыр мы зыращ. Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкlэ захуигъэзащ Гъэдзэкъэжкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и ректор, профессор **Рахаев Анатолий**.

- Ди институтым къыщызэIуаха центрыр Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и жэрдэмщ. Ар щIэгъэкъуэн яхузэхъунущ проект, мурад гъэщIэгъэнхэр яIэу Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу куэдым. Институтым и студентхэмрэ абы щезыгъаджэхэмрэ гъэнэнщ пщIэнэшэу щагъэпэжьэнущ, - жиIащ Рахаевым.

Мыпхуэдэ проектым республикэм дежкlэ иIэ мыхьэнэм и гугъу ищIащ Хъубий Мурат къыщыпсалъэм.

- Мы центрым хуэдэ КИФЩI-м щыIэкъым. ЦIыхум и мурадхэр щыдаIыгъ, ар утыку ирихьэным щыхуагъакъэзыр, Iэмэпсымэхэмкlэ къызыхуэтыншэ Iэухущ Iапl Iэщ мыр. Къыпащтэмэ, центрым щадзIэпыкъунущ зи щIалэгъуэхэми нэхъ ныбжь зиIэхэми, - жиIащ Хъубийм.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ ираташ республикэм щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы къыхигъэщащ мы творческэ утыкур иужьрей Iэмэпсымэфlхэмкlэ, унэлъащIэхэмкlэ зэрызэщIэуэздар. «Си фIэщ мэхъу цIыху куэд мы щIыпIэм дихьэхыу къызэрекIуэлIэнур. Ди министерствэмрэ центрымрэ зэдэлажьэмэ, проект гъэщIэгъэнхэр фIагъ яIэу яхуэгъэзэщIэнущ», - жиIащ Мухьэдин.

Рахаев Анатолий мы зэIущIэм деж ядэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ ярищIыIлащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ, Бжьыгъэ зыужьныныгъэхэмкlэ, Спортымкlэ, Курортымрэ туризмэмкlэ министерствэхэм.

ХъэщIэжьэм зыщагъэлпIыхьащ творческэ пэшхэм, техникэ щIагъэувам я зэфIэкIкIэр ирагъэлъэгуащ.

«Арт-идея» центрыр иджыдей Iэмэпсымэ льэщхэмкlэ къызэгъэпэщауэ пэшитI мэхъу. Зым нэтынхэр щытепх, абыхэм ящелэжьыж хъунущ. ЕтIуанэм театр утыку иIэщ. Абы и фIыгъэкlэ мыбдеж щытрахыфынущ интервью, фильм, блог, рекламэ роликхэр, видеонэтынхэр, клипхэр, фильмхэмрэ мультфильмхэмрэ макъ щыпхущIэлъхьэнущ, аудиотхылъхэр щыпхуэгъэтхынущ, нэгъуэщI куэдкlи къэсэбэпынущ.

Проект студием дизайн макетхэр, графикэ, 3D лэжьыгъэхэр щыпхущIынущ.

Зэманым екIу Iэухущ Iапl Iэр щынальэм и зыужьныныгъэм и лъабэ къуэщIу къэплъытэ хъунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трикащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкlэ программэр щызыгъэзащIэ къэрал, муниципальнэ Iэухущ Iапl Iэхэм сабийхэм зэрыщыкIэлъыплъымрэ зэрыщыгъэрахьэмрэ папщIэ адэ-анэм ят ахъшэр нэхъыбэ дыдэу зэрыхъур гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №253-ПП

«Урысей Федерацэм и егъаджэныгъэм и Iэухуклэ» 2012 гъэм зэрыгъэзащI 29-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-м и 65-нэ статьям и Iыхьэ 4-м, «Егъаджэныгъэм и Iэухуклэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 5-нэ статьям и 17-нэ пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкlэ программэр щызыгъэзащIэ къэрал, муниципальнэ Iэухущ Iапl Iэхэм сабийхэм зэрыщыкIэлъыплъымрэ зэрыщыгъэрахьэмрэ папщIэ адэ-анэм ят ахъшэр нэхъыбэ дыдэу зэрыхъур гъэувыным щыгъэзащI.

2. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм чэнджащ етын зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкlэ программэр зыгъэзащIэ муниципальнэ Iэухущ Iапl Iэхэм сабийхэм зэрыщыкIэлъыплъымрэ зэрыщыгъэрахьэмрэ папщIэ адэ-анэм ят ахъшэр нэхъыбэ дыдэу зэрыхъур гъэувын мы унафэм и гъэдэхэм зэритым хуэдэу.

2. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм чэнджащ етын зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкlэ программэр зыгъэзащIэ муниципальнэ Iэухущ Iапl Iэхэм сабийхэм зэрыщыкIэлъыплъымрэ зэрыщыгъэрахьэмрэ папщIэ адэ-анэм ят ахъшэр нэхъыбэ дыдэу зэрыхъур гъэувын мы унафэм и гъэдэхэм зэритым хуэдэу.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэдзэ Хъубий М. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къыщта унафэ № 253-ПП-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкlэ программэр щызыгъэзащIэ къэрал, муниципальнэ Iэухущ Iапl Iэхэм сабийхэм зэрыщыкIэлъыплъымрэ зэрыщыгъэрахьэмрэ папщIэ адэ-анэм ят ахъшэр нэхъыбэ дыдэу 2023 гъэм зэрыхъур

№№	Муниципальнэ районым, къалэ округым зэреджэр	Адэ-анэм мазэ къэс нэхъыбэ дыдэу ят ахъшэр, сом
1.	Бахъсэн муниципальнэ район	1299
2.	Дзэлыкъэу муниципальнэ район	1303
3.	Лэскэн муниципальнэ район	1303
4.	Май муниципальнэ район	977
5.	Прохладнэ муниципальнэ район	977
6.	Тэрч муниципальнэ район	1042
7.	Аргун муниципальнэ район	1694
8.	Шэджэм муниципальнэ район	1303
9.	Шэрэдж муниципальнэ район	1148
10.	Iуащхьэмахуэ муниципальнэ район	1042
11.	Налшык къалэ округ	1433
12.	Бахъсэн къалэ округ	1433
13.	Прохладнэ къалэ округ	1144

ТекIуахэр ягъэпажэ

КъБР-м и Журналистхэм я союзым ирегъэкIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м нэтынхэр езыгъэкIуэкIыу щыта и журналист Геккиев Казбекрэ Урысейм и МВД-м Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щIиIэ Центр «Т» управленэ нэхъыщхьэм и пресс-Iэухущ Iапl Iэм и унафэщIу лэжьа Казиханов Тамерланрэ я фэеплъыр гъэлъэпIэным хуэгъэпса зэрагъэ. КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрагъэлъэгуамкlэ, творческэ зэхьэзэхуэм и кьалэн нэхъыщхьэр республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я Iэзэгъэм хэгъэхъуэнырщ, апхуэдэу очерк жанрым гулытэ нэхъ хуегъэщIыжьынырщ. Зэпеуэр унэтIныгъишщ- кIэ екIуэкIащ: интервью нэхъыфI, репортаж нэхъыфI, очерк нэхъыфI.

ЗИ КЪАЛЭН зыгъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу ягъэлъэпIащ республикэ зэпеуэм щытекIуэхэр. ЗэпущIэм хэтхэм гуапэу ягу кьагъэкIыжащ зыгъэрыт Iуэхум хуэпэжу, Iэшагъэрэ пIыгъэрэ яхэлъу я Iэнатlэр езыхьэкIа, ильэс зэхуэмыдэхэм бзаджащIэхэм яIэщIэкIуэда журналистхэр.

- Зэпеуэм хэтыну жэрдэм зыщIадхэр хуэд хъурт, къэпщытакIуэ гупым щыщхэм лжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ нэхъыфIхэр кьыхахьи папщIэ. Сэ щхьэкъасрэкъым текIуэныгъэр зыхуагъэфэща журналистхэм я зэфIэкIым, Iэзагъэм. Псалъэм кьарушхуэ иIэщ, псом хуэмыдэу ар журналистым кьыбгъэдэкIмэ, абы икIи мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ. Сыныбохъуэхъу адэжи творческэ ехъулIэныгъэхэр фIи3ну, льагапIэщхэм фыхуэкIуну. - жиIащ КъБР-м и Журналистхэм и союзым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Шаваевэ Разиятрэ**.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** кьыхихугъэщащ зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я бжьыгъэшхуэ кьыхэмыхъэну зэрыщыгугъыр икIи жиIащ, ЕтIуанэ республикэм текIуэныгъэр зыхуагъэфэща журналистхэм я зэфIэкIым, Iэзагъэм. Псалъэм кьарушхуэ иIэщ, псом хуэмыдэу ар журналистым кьыбгъэдэкIмэ, абы икIи мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ. Сынывохъуэхъу адэжи творческэ ехъулIэныгъэхэр фIи3ну, льагапIэщхэм фыхуэкIуну. - жиIащ КъБР-м и Журналистхэм и союзым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Шаваевэ Разиятрэ**.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** кьыхихугъэщащ зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я бжьыгъэшхуэ кьыхэмыхъэну зэрыщыгугъыр икIи жиIащ, ЕтIуанэ республикэм текIуэныгъэр зыхуагъэфэща журналистхэм я зэфIэкIым, Iэзагъэм. Псалъэм кьарушхуэ иIэщ, псом хуэмыдэу ар журналистым кьыбгъэдэкIмэ, абы икIи мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ. Сынывохъуэхъу адэжи творческэ ехъулIэныгъэхэр фIи3ну, льагапIэщхэм фыхуэкIуну. - жиIащ КъБР-м и Журналистхэм и союзым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Шаваевэ Разиятрэ**.

«Хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм я Iэухущ Iафэхэр нэхъыфIу хуэзыгъэлъэгъуа» унэтIныгъэм кьыщыхахъэщащ Урысей гвардием и кьудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iэухущ Iапl Iэм и унафэщI Лыкъуажь Маринэ.

КьищынэмыщIауэ, республикэ зэпеуэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и щIыхь тхылъхэр ираташ «Зольские вести», «Лесненская газета», «Прохладненские известия» район газетхэм я редакцIхэмэ.

Шаваевэ Разиятрэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ зэпеуэр кьызэгъэпэщынымкlэ, ар егъэкIуэкIынымкlэ дэIэпыкъуэгъу кьыхуэхъуахэм. Апхуэдэу абы фIыщIэ яхуищащ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджащэгъу Уннаевэ Iэминат, КъБР-м экономикэ, жылагъуэ щыIэныгъэншагъэхэмкlэ и советым и секретарь Залиханов Кьанщобий, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщI Къозанш Людмилэ, Геккиев Казбек и унагъуэм.

ТХЬЭХУЩЫНЭЛанэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трикащ.*

● Ди махуэгъэпс

Псэущхьэ телъыджэ

Мыщэм и махуэр, дыгъэгъаэм и 13-р, Урысей Федерацэми нэгъуэщI къэралхэми щагъэлъапIэ.

ЩАКIУЭХЭМ, мэзхъуэмэхэм ижь-ижьыж къандэрэ гу зэрилъатамкlэ, мэзым щыпсэу хьэкIэкхъуэкIэхэм я нэхъ иныр щыIмахуэ жей кIыхь щищIыну и гъуэм щигъэлъхьэжьр а махуэрэщ.

Псысхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ зи цIэр и нэхъыбэм фIыкIэ кьыхэщ мы хьэкIэкхъуэкIэр, дызэрыщыгъуаззэмкlэ, кьарушхуэ зыбгъэдэлъщ, ди щхьэр зыхъумэжьфIщ, щыIнэ зыщIащ, набдзэгубдзаплъэщ, захуагъэм тетщ, кьецIыкIуэкIэхэм фIырыфIкIэ ящымыхьэщ. Арщхьэкlэ, и бын щIыкIуэм е езым утеуамэ, кьыпхуимыгъэгъун хуэдизу и жагъуэ пщIауэ араущ, дахэ хэзэгъэжьнкlэ ущIыщIигуГыжькIи щыIэкъым.

Зи зыгъаззэ зы мазэу кьалъытэ псэущхьэм псынщIагъэ кьызэрымыкIуэкэр щыдалъагъуи кьоху. Апхуэдэхэм дежи, ар жэрышым тежьифынущ, щыхьым я нэхъ иныр, зыIэригъэхьэмэ, и Iэблитымкlэ хуэгъэмэхынущ, ардыдэр и фIалъэ лъакъуитIымкlэ хуехьэжьынущ, щIыгупЪ Iувым зыщIэзыгъэбыдыхьа дзыгъуэ щIыкIур мэкlэ кьиГуэтынурэ, зыкъэщIэжьпIэ иримыту, зэрыпщхьэжа и гъуэм чачэу кьриПъэфынущ.

Хэт зыгъэлъапIэр?

Мыщэм и махуэр ягъэлъапIэ щIыху кьызэрыгуэкIэмэ а псэущхьэм кIэлъыплъ экологхэм. Гуфlэгъуэ зэхьыхьу дыгъэгъазэм и 13-м кьызэрагъэпэщхэм сабийхэр ирашалlэ, Iэухум ехьэлIа уэсэ щIыкIуэм кьыщрагъаджэ, зи гугъу тщIы псэущхьэр лIыхъжь нэхъыщхьэу зыхэт театр тепльэгъуэхэм, макъамэрэ уэрдкlэ гъэпсахэм, щрагъэпль. Гукъыдэжыр щебэкI апхуэдэ зэкуэсхэу джэгукIэ дахэкlэ гъэнщIахэм быным я гъусэу кьэкIуа адэ-анэхэри, псысэм кьыхэхута фIэкIа умыщIэну, нэжэгужагъэ ин кьагъэльпIагъуэу яхэтщ.

Гъэщ Iэгъуэнщ

Палеонтологие щIэныгъэм зэрыхуигъэфащэмкlэ, мыщэр дунейм кьызэрытехьэрэ ильэс мелуани 5 - 6-м нэблагъэщ.

ЩIымахуэ жей кIыхь мазэ 200-м нэблагъэкlэ екIуэкIым зыщыхуигъэхьэзыркlэ, лъэбыщэжьым и шхэныр нэхъ пасэу эзпегъэури и кIуэцIым щыкIуэзытэна тIэкIуэрэм егъэкIуэщIыж.

Мыщэбзым и шырхэр дунейм кьыщытригъэхьэр щIымахуэм езыр жейуэ гъуэм щилIырщ.

ЩIэжьей щIыкIуэм кьаШэчыр мащIэ дыдэщ - грамм 350-м нызэрыхьэсщ.

Лъэбыщэжьхэм яхэтщ килограмм 800-м нэблагъэ зи хьэпсагъэхэри.

КьагъащIэр ильэс 25-м кьыщыщIэдзауэ 40-м нэблагъэщ.

Мыщэ лъэпкъыгъуэхэм ящыщу нэхъ щIыкIу дыдэр Малайзием щыIэхэращ. Абыхэм, ику иту, метр 1,5-рэ я кIыхьагъщ, килограмм 30-м кьыщыщIэдзауэ 60-м нэблагъэ я хьэпсагъщ.

Швейцариием и Берн кьалэм мыщэм и щхьэращ и дамыгъэр.

Мы зэманым ди планетэм щыпсэу мыщэхэр лIэужьыгъуэ 4-кIэ ягуэш. Ахэр: хужь, фIыцIэ, гъуабжэ, пщэху жьхуиIэхэращ. Пэжщ, абыхэм кьатепщIыкIыжахэр я лIэужьыгъэхэрэ куэдкlэ нэхъыбэщ. АтIэми, кьедбжэкIа а псори (бгъуэнщIагъщIэс зыхужаIэу иужьым кIуэдыжари яхэту), щIэныгъэлIхэм зэрытрагъэчьныхьымкlэ, къызытехъукIыжар «этруск» мыщэу зи лIэужьыр илъэс мелуан 1 - 2 ипэкlэ кIуэдыжар араущ.

Ауэ щцыхъуэкIи, лъэпкъ куэдым я IуэрыIуатэм кьызэрыхэщыжу, мыщэр хьэлIащэн зэмыщхъ куэд зыдалъагъу хьэкIэкхъуэкIэщ. Ар щыгъыбфынущ щынагъуэу икIи кьарууфIэу, зыкьингъэльагъэуфынущ захуагъэм и телъхъэуи мэзым и хъумакIуэуи.

Мыщэм и тыгъэ

Пэжи пцIыи, сэ мы хъыбарым щыхэт сытекъуэфынукъым, ауэ сыщIалъэ цIыкIуу, Iуэрэгъуэпащкlуэ дыщыджэгуа ныбжьым дыщIитым, нэхъыжьхэм яIуэтэжу зэхэсхыгъащ...

Хъыбархэр нэхъ жаIэжу щыщытар бжьыхьэ жащ кIыхьэу цIыхухэр нэхъ щыщэкlэльыкIуэу щыщыта лъэхъэнэрт.

Хэти блэм зэрыIущIам, мыдрейми и щIыбагъэ ыкlи зыкъэзыдза дыгъужьыр зэриукIам тепсэлъыхьырт. Аущэ, мыщэм и гугъу щащIым, псалъэр кьызыIуса мэкъумэшыщIэ лIыкум кьрегъажьэ.

«ЛIибл дыхъуу мэзыкум и хуейм мэкъу дыщеуэрт. Жэщ щыхъум, мафlэшхуэ тщIыри мэкъауэхэр дыкъетIысэкIащ. Мазэр елэжат, мазэхэт. Мафlэм хуеишхуэр игъэнхэрт, ауэ ихъуреягъ мэзыр кIыфIым щIигъэнат.

Дыдихьэхауэ дыздэуэрэшэрым, гу лъыдотэ гъынэгъу дыдэу зы мыщэ кьызэрыдбгъэдыхьам. Мыщэр кIэбдз лъакъуитIымкlэ зэфIэтт, гъумэтIымэрт.

Щтэlэщтаблэ хъуаи кьытхэкIащ, шэмэджьем епхъуаи щыIащ, хэти «дыбгъэуI!» жиIащ. Арщхьэкlэ, ди шэмэдж пашэм «зэ фызэтеувыIэ, мыбы зыгуэр щыщIэщI!» щьжиIэм, дызэтеувыIащ. Бгъэдыхьэн кьытхэкIыртэкъым. Зыми дзыхь ищIыртэкъым, «дишхынущ» жаIэрти.

«Хьэзыру фыщыт, зыкьызидз хъумэ», - жиIэри шэмэдж пашэр кьэтэджащ. «Мыщафэ Iэрымыльхъэм гуащэр щымыгъэгуГъ, уи гъусэм укъуэгушхуэкIи, мыщэуки умыкIуэ!» жыхуаIэ псэльафэри асыхьэтым игу кьэкIыжат, ауэ лIыгъэм зригъэхьурэ зыихуэкIуэм бгъэдыхьащ. ЕплъмэI, мыщэм и пэспIтIыр кьэльэпхъэ, и щэлукIэмкlи гуэзвэгъуэ гуэр зэрыхэхуар кьыгурыIуащ. Мыщэм и фIалъэ ижь кьишияр кьызэрыбэгам, шэм зэрыхъуам гу льитащ. ЕплъыIуэмэ, банэшхуэ хэлът.

Iуэхур зыитетыр кьыгурыIуэри, «хуэму, тIасэ, хуэму!» жриIэурэ здепсалъэм, мыщэм зэрызимыгъэхьейуэ, шэмэдж пашэр Iэбэри банэшхуэр кьыхихыжащ.

Щабэ-щабэу еIусэурэ, и лъакъуэ бэгам шыну итыр кьригъэкIащ. Фlарий тхъэмпIэ и уIэгъэм трилъхьэри, и джанэ щIагъэщIэпым и пытхъаухэмкlэ хуипхэжащ.

Арати, мыщэр мэзым хьыхьэжащ. Дэри тлъэгъар тфIэтелъыджэ хъури, абы дегупсысурэ, жейм дыхилъэфащ.

АтIэ, зэманыр кIуэррэкIуэцIу макIуэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсми, лIибл-ыр а хуей дыдэм мэкъу дыщеуауэ дыщызэхэст, кIыфI зэрыхъурэ куэд щIарэ дыпIыщхьэутхъукIыу.

Ауэрэ, мыщэ гурым макъ зэхьдэх. ГурыщхъуэщIу дыздеплъэкIым, мэзым кьыхэжьащ зы мыщэ хуэр кьытхуокIуэ. Гъунэгъу кьыщытхъэхъуи, зыгуэр кьиГэтIылъри, мэзым хьыхьэжащ.

ИригъэтIылъэхар, щэмэдж пашэр кIуэрэ еплъмэ, фо хьэкIэгъэ дзэу щыдэгъ бжьэ матэт. «ФIы пщIауэ, iей ущымыгуГ!» жыхуаIэр арати, мыщэм гупыр фокlэ дигъэтхъэжащ.

«Ей-й, хьэкIэкхъуэкIэ пэтрэ, фIыр зэхащIыкI!» - зэзджьетIащ мэкъуауэлIхэм».

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапцlэ.

ЛIыхъужьхэр ящыгъупщэркъым

Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм и щIыхькlэ Урысей Федерацэм и ЛIыхъужьхэу Горшков Анатолэ Пётр и къуэмрэ КIарэ Анатолэ Сулътlан и къуэмрэ я фэеплъ пхъэбгъуэхм деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и цIыхуэр мамыру псэуным зи гъащIэр щIэзыта лIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ хуащу кьызэхуэсат КъБР-м къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министру щыIэ, полицием и генерал-лейтенант Павлов Василий, республикэ ОВД-м и ветеранхэм я щIыналъэ организацэм и тхьэмадэ Пыхъ МуIэед, ведомствэм и Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, лжьакIуэхэмрэ республикэм къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ и органхэм я ветеранхэмрэ.

Горшков А. П. 1946 - 1948 гъэхэм Къэбэрдей АССР-м къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ и наркоматым и унафэщIу, иужькlэ КъАССР-м къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ и япэ министру щытащ, республикэм и зауэ нэужь тхыдэм лъэужьыфI кьыщыцIэнащ.

КIарэ А. С. кьуажэ егъэджакIуэм кьыщыщIидзэри, КъБР-м щыIэ МВД-м щIэпхъаджагъэм пэщIэтыныгкlэ и управленэм и унафэщIым нэсащ. 2008 гъэм щIышылъэм и 12-м милицием и полковник КIарэ А. С. Iэщэкlэ зэщIэуэзда щIэпхъаджащIэхэр кьебгъэрыкIуэри, а зэпэщIэувэныгъэм щигъуэта уIэгъэм кьелакъым.

Урысейм и Президентым и Унафэкlэ Горшков Анатолэ Пётр и кьэумрэ КIарэ Анатолэ Сулътlан и кьуэмрэ «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэр кьыфIащащ.

Кьызэхуэсахэр фэеплъым пщIэ хуащIу дакьикькlэ щыIэмри, хэкIуэда лIыхъужьхэм я мемориальым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Евросоюзыр егъэгузавэ

Тыркумрэ Урысеймрэ я сату зэпыщIэныгъэхэр, УФ-м иращIыIэ санкцэхэм Анкарар хьыхьэну зэрыхуэмейр Евросоюзыр щIэгъуэзэн щхьэусыгъуэхэу кьелъытэ Европэ дипломатием и унафэщI Боррель Жозеп.

«УКРАИНЭМРЭ Урысеймрэ зэрызэныкъуэкlэм, КъухьэпIэм санкцэ ткIийкэр Москва зэрыхуигъэувам щхьэкlэ къэмынэу Тырку республикэм Урысей Федерацэм пыщIэныгъэ быдэхэр зэрыхуиIэм Евросоюзыр егъэпIейтей», - кьхъэ Боррель и псалъэхэр хьыбарыщIэхэр кьэзыт «News 360» каналым.

Апхуэдэу Европэ дипломатием и унафэщIым кьыхигъэщащ ЕС-мрэ Тыркумрэ мамыр псэукIэм зыщыхуэныкъуэ хьэпшыпхэрэ зауэ Iэухукlэ зэхьуеинухэрэ тыншу гъунапкъэхэм зэрызэпрашынум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIыпIауэ зэрызэдэлажьэр, икIи Москва иращIыпIа санкцэ ткIийхэм кьаззэрыпекIуэкlэм хэкIыпIэхэр кьэхутэныкlэ Анкара Урысейм дэIэпыкъуэгъу хуэмыхъуным абыхэм я дежкlэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Щхьэусыгъуэ хуэхъуар

«Урысей 1» телеканалым иригъэкIуэкI «Москва. Кремль. Путин» нэтыным УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий зэрыщыкIамкlэ, Донбасс хъумэным хуэунэтIауэ ирагъэжьа операцэ щхьэхьэуэм лъабжьэ яхуэхъуар «Минск зэгурыIуэныгъэхэр» Украинэм зэманкlэ зэрыщыкIуэм и къарур зэщIигъэуэну хуэхъуар, зауэ операцэ щхьэхуэр едгъэжьащ», - жиIащ Песковым.

Германием и канцлер щыта Меркель Ангелэ и Iэухум теухуауэ жиIащ «Минск зэгурыIуэныгъэхэр» щызэращIыпIэм мурадуу яIар Украинэм зэман ирату ар ягъэльэщыну зэрыпарар икIи а пIалъэр Урысейм зэрыпэщIэтын и къарур зэщIигъэуэну хуэхъуар, зауэ операцэ щхьэхуэр едгъэжьащ», - жиIащ Песковым.

Меркель жиIахэр зыпэмыплъа икIи и гур зэщызыгъэуэ псалъэхэу зэрыщыгъуэ кьыхигъэщри, абы и щIыхь зэрыгурыIуэныгъэр зэщIыпIэным хэта адрей лъэныкъуэхэр ар гулытэнщэу кьахьанэрт. Абы дызыхуишэнур гурыIуэгъуэ щыхъуам, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури, зауэ операцэ щхьэхуэр едгъэжьащ», - жиIащ Песковым.

Германием и канцлер щыта Меркель Ангелэ и Iэухум теухуауэ жиIащ «Минск зэгурыIуэныгъэхэр» щызэращIыпIэм мурадуу яIар Украинэм зэман ирату ар ягъэльэщыну зэрыпарар икIи а пIалъэр Урысейм зэрыпэщIэтын и къарур зэщIигъэуэну хуэхъуар, зауэ операцэ щхьэхуэр едгъэжьащ», - жиIащ Песковым.

«ЗЭМАНЫМ ар хуэмрэ нэрылъагъу ищIащ, УФ-м и Президент Путин Владимири нэгъуэщI ди политикхэри

тыншу гъунапкъэхэм зэрызэпрашынум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIыпIауэ зэрызэдэлажьэр, икIи Москва иращIыпIа санкцэ ткIийхэм кьаззэрыпекIуэкlэм хэкIыпIэхэр кьэхутэныкlэ Анкара Урысейм дэIэпыкъуэгъу хуэмыхъуным абыхэм я дежкlэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

абы мызэ-мытIыу тепсэлъыхьащ, арщхьэкlэ зэгурыIуэныгъэр зэщIыпIэным хэта адрей лъэныкъуэхэр ар гулытэнщэу кьахьанэрт. Абы дызыхуишэнур гурыIуэгъуэ щыхъуам, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури, зауэ операцэ щхьэхуэр едгъэжьащ», - жиIащ Песковым.

Германием и канцлер щыта Меркель Ангелэ и Iэухум теухуауэ жиIащ «Минск зэгурыIуэныгъэхэр» щызэращIыпIэм мурадуу яIар Украинэм зэман ирату ар ягъэльэщыну зэрыпарар икIи а пIалъэр Урысейм зэрыпэщIэтын и къарур зэщIигъэуэну хуэхъуар, зауэ операцэ щхьэхуэр едгъэжьащ», - жиIащ Песковым.

Меркель жиIахэр зыпэмыплъа икIи и гур зэщызыгъэуэ псалъэхэу зэрыщыгъуэ кьыхигъэщри, абы и щIыхь зэрыгурыIуэныгъэр зэщIыпIэным хэта адрей лъэныкъуэхэр ар гулытэнщэу кьахьанэрт. Абы дызыхуишэнур гурыIуэгъуэ щыхъуам, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури

Жьантlэр зейм и псалъэ

● Ди нэхъыжьыфlхэр

Залымджэрий Тамарэ Мухьэрбий

Жьантlэр зыгъэбжьыдlэ, щlэгъэкъуэн, чэнджэщэгъу, ущиякlуэ къалэнхэм пэлъэщ, щlэблэр зыгъэнтl, узыгъэгушхуэ щытхъуи щымысхь, лъэпкъым теубгъуа нэхъыжьыфl уиlэныр насыпышхуэщ. Псом хуэмыдэу, нобэ - бзэмрэ хабзэмрэ зманыщlэм къызэдихьа щlэщыгъуэ псоми хэшыпсыхьынкlэ шынагъуэ щыщыбl лъэхъэнэм. Унагъуэм нэхъыжьыфl исмэ, абы нэхъыщlэхэр доплъей, щапхъэ трах, лъэпкъыпсэ яlуту къохъу, щlалэгъуалэр бзэмрэ хабзэмрэ къыщlотадзэ. Мы тхыгъэмкlэ фэдгъэщlыхуну ди гуапэщ апхуэдэ зы лъэпкъыл.

«АДЫГЭ псалъэ» газетым мызымытlэу къытехущ Аруан щlыналъэм хыхьэ Къуэжьыгуей Иуан хъэрэ къэжьмыщ щыщ Джэдгъэф Мухьэрбий и тхыгъэхэр. Ар нэхъыбэу зытетхыхьыр гъащlэ мытынш къэзыгъэщlа, адрейхэм ехъулlэныгъэ гуэркlэ къахэщхьахукlа, лIыхъужьыкlгъэ зыгъэлъэгуа и къуажэгуэрщ. Мухьэрбий и хабзщ зытепсэлъыхьыкlи и адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэм деж къышщигъажьэу. Абыи мыхьэнэ гуэр хэлъу къыщlэкlынщ... «Уи ятlэ ита адэжьхэр къыщlигъэщlыкрах, лъэхъэнэ жьжьэм и зауэ-банэхэм къыщlелари, уэ дунейм укъытехьэн щхьэкlэщ», - жиlэу къыщlыпlэ сыкъыщыдежащ. Ар гупсысэшхуэщ, уи щыпlэгъэ зыгъэхьытхьэ пэж тельыджэ хэлъщ. А гупсысэр къапщтэмэ, Мухьэрбий и тхыгъэхэр зыхуэгъэза лIыхъужьхэм я лакъуэр къызэритlыщlыфкlэ къыщlиуlъэпхъэщыр гурыIуэгъуэ мэхъу. Дэри а къбзэм дытету зыщыдгъэгъуэзэнщ Джэдгъэфым и пъэпкъ тхыдэм.

Мухьэрбий и адэ-анэ Джэдгъэф Залымджэрийрэ Кlэфо Тамарэрэ Хэку зауэшхуэр щlимыдзэ щыкlэ зэрышат. Совет властыр къэунэхуауэ колхозхэр къыщlэзрагъэпэщыт, ятlэ дыдэу абы хыхьэхэм ящыщт Тамарэ и адэ-анэр. Зэлlэзфызым гупыж ящlат я пхъум щlэныгъэ ирагъэгъуэтыну, хъыджэбзыр республикэм къыбгъэдэкlыу Владикавказ ягъэкlуар колхозыр зэраухуэм щыхурагъаджэ школым щlэгъасхьэну. Ижькlэ Тамарэ хуагъэфедащ. Ижь-Мордей Балькъэрым и пащащэ щlэрыIуэхэр» щlыхьэр, щалъхуа къуажэм егъэджэныгъэм зэрызыщlегъэужьам пащlэ. Ар лэжьыгъэ Iэзэкlэ куэдрэ хуэзащ а лъэхъэнэм республикэм и Iэтащхьэ щыта Къалмыкъ Бетlал.

Уиагъуэ ихьа нэужьи Тамарэ колхоз правлениэм хэту, джэд фермэм и унафэщlу лэжьащ. Зауэ нэужьми къуажэр лъэ быдзкlэ гъэувыжьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищlащ абы. 1941 гъэм и фокlадэ мазэм фыгуэ къахудэкlуащ зэщхьэгъуситlым – дунейм къытехьат я къуэ Мухьэрбий. Насыпыфlэу зэдэпсэу Залымджэрийрэ Тамарэрэ къахуиуха хъунтэкъым гу зыщдахуэну: 1942 гъэм, накъыгъэ мазэу Залымджэрий зауэм ираджащ. Сталинград яунэтlа 619-нэ фочауэ полкым хэтащ ар. А полкыр зыщыщ 203-нэ дивизиемрэ бимдзэмрэ я зэхэуэ гущlэм хэкlудащ Залымджэрий.

Илъэс 27-рэ фlэкlа мыхъуу фызабэу къэна Тамарэ псэуху и щхьэгъусэм ежьащ, къимыгъэзэжыну и фlэщ мыхъуу. Къыхэна сабийр пIын, гъэсэн, Iэтын хуейти, Тамарэ и бгыр щимкъузэри, лэжьыгъэм еувэлIащ. Ар зыщымысхьыжу колхозым щылажьэрт, ауэ илъэс псом къриубыдэу гуэдз тlэкlу кърату арати, урипсэуфынутэкъым, улахуэ ятыхэхтэкъым. Лъэхъэнэ хьэлъэм къызыщар и хадэрщ, джаджьэз тlэкlур зэкlэра иlэт. Ари уэзрилэхэм папщlэ къраламан налог ептын хуейт. Аихуэдэу, унагъуэм тхъуцlынэ къащlэхъуэртэкъым, псори налогыу ятыжьыр ти. А зэманым псори апхуэдэут зэрыпсэуэр, фызабэ псоми я Iэнатlэр зэхуэдэт.

- Си анэм зауэ лъэхъэнэми иужьыIуэкlи гугъуехьышхуэ игъэваш. Фызабэу къэна цlыхубз бжьыгъэншхэм я плIэм къыдэхуа къалэнышхуэхэмрэ лэжьыгъэ хьэлъэхэмрэ зэи си нэгу щlэкlыжьынукъым, сигу ихужьынукъым. Зеиншэу къэна я къуэхэм щхьэкlэ «фызабэкъуэ» жаIэу ягъэпуду, - игу къеГъэкlыж Мухьэрбий.

Джэдгъэфым жеIэ зауэ зэманымрэ сталин режимымрэ щэчыгъэафIэу щымытами, цlыхухэр зэхуэгъуапэу, зэфIу, зыр зым дэIэпыкlужу къызэрыгъэгъуэгурыкlуар. Къуэжьыкъуей Ищхьэрэ фашистхэм къыIэщlагъэкlыжа нэужь, къуажэр къэIэтыжьын хуэйти, Тамарэ и къару илъ къымыгъанэу хуэлэжьащ и жьлэжьым. Цlыхухъухэм ялэжьым зыкъыкlэримыгъэжу колхозым хэтащ, фэбжь игъэлту уз хихьыж.

- 1944 гъэм, гъэмахуэу, Шэрджэсыпсыр къиури, ди унэр ихьат. Псори зэдэIэпыкъуу, зыр адрейм щlэгъэкъуэн хуэхъуу хабзэти, Гъуапплащlэ Хьэнизэтрэ абы ипхъу Лелэрэ дызрашалIэри, илъэситlкlэ дыщыпсэуащ абыхэ. Ижькlэ, Тамарэ и адэм сэман уиэ цlыкlу, къамыл уиащхьэ Тамарэ и ятlэ ящlат я пхъум щlэныгъэ ирагъэгъуэтыну, хъыджэбзыр республикэм къыбгъэдэкlыу Владикавказ ягъэкlуар колхозыр зэраухуэм щыхурагъаджэ школым щlэгъасхьэну. Ижькlэ Тамарэ хуагъэфедащ. Ижь-Мордей Балькъэрым и пащащэ щlэрыIуэхэр» щlыхьэр, щалъхуа къуажэм егъэджэныгъэм зэрызыщlегъэужьам пащщlэ. Ар лэжьыгъэ Iэзэкlэ куэдрэ хуэзащ а лъэхъэнэ хьэлъэм. Сэ схуэдэхэр мин бжьыгъэт! Я адэ ямыцlыхуэхэу е ящыгъупщlыкlэу. Ауэ сэ лъэ быдзкlэ сыуфын папщlэ си анэр зыщыгъэхьакъым. Абы быдзу и фIэщ хуэрт щlэныгъэм насыпт къызэрыдэкlэунэри, сригъэджэну хуейт. Сызыщlэж курыт еджапIэм трактористхэр щагъэхъэзырти, абыи сыхуеджащ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхуу гъэзэхэм трактористым и дэIэпыкъуэгъуу, тракториста сылажьэрт. 1960 гъэм комсомолым сыхуэхьащ, 1962 гъэм курыт еджапIэр зыгъэпсэхуу Iэпхъэн, Кострома еджапIэ сыкlуащ си анэм и жэрдэмкlэ. Тамарэ и лъэпкъыкуэкlэ ди благъэ Гъукlэжь Володи щеджэрт абы. Пэжщ, егъэлеяуэ гугъу дехьащ – си анэри сэри. Ауэ Тамарэ жьжьэ плъэрт, нобэрей махуэкlэ псэу цlыхутэкъым ар. Псори щlишэчыжьэ сэратн, къэзгъащlэхъу хьунутэкъым. А лъэхъэнэм къэхуа зы тельыджи фезгъэдэIуащ. 1963 гъэм, жащlэбгым, еджапIэ общежитием зыгуэр кьытоуIэ. Бжэр Iусхмэ, си благъэ щlалэ – Амырхан – щытщ, милитщ щlалэ къыбгъурыту. Ар Кострома нэс нызэрыкlуари сыкъызэригъэзэрти нобэр къыздэсым къысхуэщlэрскъым, ауэ и гум сыкъэкlати, лъагъунпlагъу нэкlуауэ арат! Езыр Нарткъалэ щыщти, зыми жримыIэу, лъэсу Къуэжькъуей Ищхьэрэм нэс накIуэу щытащ сыкъитlагъун щхьэкlэ. 1965 гъэм диплом лжьыбгъэр стхын папщlэ практикэ сиIэн хуейти, сыщlалъхуа жьлэм и колхозым къызэрэзэжа. Аурсэнтх хъунIэм сыщlащ зоотехник-селекционер лжьыбгъэмкlэ практиканту. Пэжыр жысIэнщи, щlэныгъэм сыхуэнэпсейти, абы щыIэ фермэхэм щалажьым ситхьэкъуаэу, сфIэгъэщlэгъэун дыдэу есхьэкlащ практикэр. Кострома щlэ «Караваево» мэкъумэщи институтыр къэзухри, 1967 гъэм гъатхэпэм и 8-м хэкум къэзгъэзэжащ. Мэлыжьыхьым и 1-м колхоз унафэщlым деж сыщlыхьащ, а зэманым Урысейм кlэ зэрызахуэпэу щытам ещхьу сызыщlыкуэпыкlауэ: ва-къэ лъэдакъэ лъагэ, лъапэ папщlэ слъыгъыу, гъуэншэдж зэв сщыгъыу. Председателыр, Иуан Хьэтlий, си лъапэм къызыщlыщlэдзауэ сызэпиплъыхьащ, пыгуфIыкIри: «Щы-рыкъуэрэ гъуэншэдж тэмэмрэ пщlэгъыу пщэдей лэжьапIэ къакIуэ, щlалэ!», - жиIащ. Ауэрэ Комсомолым и Аруан комитетым сыхьыхьащ, 1970 гъэм абы и унафэщlу сыхахащ. 1974 гъэм къуажэм къэзгъэзэжащ колхоз тхьэмадэм и ешуэдзэ, щlыпlэ парт organизацэм и унафэщlу къулыкъуэр зесхьэну, - жеIэ Мухьэрбий.

1971 гъэм Мухьэрбий унагъуэ ихуащ, Къэгъэзэж Лэпуцэ щхьэгъусэу къыщlэри. Бын закъуэу, адэжьым къэхъуа щlалэр щlэхъуэпсырт унафэгъуэшхуэ иIэну. Мухьэрбий и гъащlэр къэзыгъэнэхуа, Iэфl хуэзыща япэ сабийр къащlэхъуащ 1977 гъэм фокIадэм и 14-м. Дунейм къытехьащ и щlалэ Джабрэлил. А Iэхъугъуэм илъэсихкlэ пэплъа зэщхьэгъуситlым я дежкlэ гуфIэгъуэшхуэт ар.

1977 гъэм Мухьэрбий къыхуагъэфащэ КПСС-м и Аруан районым и горотделым и инструктор къалэныр, 1981 гъэм мэкъумэщ лэжьакlуэхэм я профсоюзхэм я райкомым и унафэщlу кlуныкъур.

1979 гъэм дунейм къытехьащ ипхъу Маринэ, 1982 гъэм хъыджэбз нэхъыщlэ Iэминат.

- Сыт хуэдэ лэжьыгъэ сыпэрымытами кlуныкъу зезмыхьами си къару кьихь къэзмыгъанэу, злэжьыр сфIэмащlэу сыкъэгъэугурыкlуащ. Ауэ профсоюзым сыщыщlыта лъэхъэнэр нэхъ гукъинэ сщыхуащ. Ар хуэмыщlауэ псэуэзэн защыщlэдгъэкъуэф, лэжьакlуэхэм я сабийхэр зыгъэпсэхуп1эхэм хуиту щыдгъэкIуэф зэманти, ди хэкуэгъуэхэм даздэрыдэIэпыкъуфым уи гур химыгъэхуэу къыкlэнэртэкъым. Къэхъуащ: зэман «Лэгъупыкъу» зыгъэпсэхупIэм сабийхэр класс псокlэ, я егъэджакlуэхэр ящыгъуэу щыдгъакlуэу щыщыта. А лэжьыгъэр профсоюзхэм Iахыу, Iэхъуащlапlэ щхьэхуэ хъуа нэужь, ди щlыналъэ сабийхэмрэ лэжьакlуэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэм гъэкIуэнкlэ хъуапсэ: пIэу къэнауэ жыпIэ хъунущ. Абы псори яцlэзэщlэжат. Профсоюзым илъэс 26-кlэ сыщылэжащ, 2007 гъэ пщlондэ. Нобэкlэ сыунагъуэ дадэщ, къэрыпlъхуэр согъаз, унагъуэ Iэхъу согъэзащlэ...

Абы и закъуэжьым Мухьэрбий щапхъэу къахьыну кьыззрилэжьыр. Джэдгъэфхэ я унагъуэм щопсэу дызэщlэхъуэпс, нобэкlэ гъэзытlуэгъэ хъуа анэдэлъхубзэ дахэр, адыгэ хабзэр, щэныр. Джэдгъэфым и къуэрылъху-пхъурыпlъхуэр къуажэм, хуейм, щынапlъэм, Урысейм щекlуэкlэ зэпеуэжэм къанэр щымыIэу хэтщ, бжьыпlэр зыIэрагъэхьауи къагъэзэж. Дауи, ар унагъуэр зэрыгушхуэщ, лъэпкъым и пщlэр зыIэт Iэхъугъуэщ. Джэдгъэфхэ щэныгъэпсэщ, зэпымычу тхъыпlэ йоджэ, республикэм къыщыдэкlэ журналхэм, газетхэм Iэ традзэ, ахэр зыIэпахьу нэхъыжьым нэхъыщlи щладжьыкl.

Сыт хуэдэу гухэхъуэ Iэнэ кlыхьышхуэм Мухьэрбий пэрысу, абы и пащхьэ ди щlыналъэм къыщыдэкlэ газетхэр зэIухауэ телъу, ахэр гъэзрыгъуурэ щlиджэкlыIуу, гурыхь щыхъуахэр шакъэ плъыжькlэ къыхигъэщхьэхуэкlыу, къыхуэщхьэпэну къилъытэжэр папкэ щхьэхуэ щыIэхуихьэу урихьэлIэну!

Дауи, «Адыгэ псалъэ» газетым теухуауэ деупщlащ нэхъжьыкlыфIэм, сытыр нэхъ къыщдэхъупIэрэ, сытым гу лъытапхъэ жьытIэри.

- Газетхэм я фIыгъэкlэ щlэныгъэ, политикэ, экономикэ и лъэныкъуэкlэ нэхъ дыкъыщыщlэуэздауэ щытыкlа дохьэ. Ауэ псом хуэмыдэжу «Адыгэ псалъэ» газетыр ди унагъуэпсэм щыщщ. «Унэм зыщыгъаси, хасэ кIуэ», - жаIэ. Адыгэр адыгэу къэнэн папщlэ, и анэдэлъхубзэмкlэ псэлъэфу, еджэфу, абы хуэшэрыуэу, адыгэ узрэдыкlыжьэр ищlэу щытащ хуейуэ къысщохьу сэ. Анэдэлъхубзэкlэ къыдэкl ди газетыр сабэпышхуэ мэхъу абыкlэ. «Адыгэ псалъэ» газетымрэ Хьэфlыщlэ Мухьэмэдрэ зэтIолъхуэныкъуэщ жысIэми, сыщыуэнукъым. Хьэлъэзныгъэшхуэ хуищlащ, къаруку куэд тригъэкlуэдащ, щlалэгъуалэ хуэлэжьащ абы ХьэфIыщlэр. Абы и лэжьыгъэ мытынышыр пищу, лъэпкъым и бын пажэу къыхэжаныкlащ нобэкlэ газетым и унафэщlу Жыласэ Заурбэчи! Дыщогуть, газетым и лэжьакlуэхэм, зэресауэ, ди блокIами ди нобэкlэ дыщытlэкъуэгъу куэдрэ тхуэлэжьхэну. Газетым къытеуэу тхыгъэхэм сахэпlъэжмэ, си щхьэкlэ, Табыщ Мурат куэдкlэ сыщогуть. Лъэпкъ щэным, тхыдэм, Iэрыпlуэтэм теухуауэ гъэщlэгъэныщхьу, телъыджэу матхэ ар. Къыхуэзощlэну си гуапэщ! Ди анэбзэр, адыгэбзэр щымыIэжмэ, щылъжьынкъым ди лъэпкъ щэнхабзэри, театри, уэрэдхэри, апхуэдизу фIыуэ тлъагъу «Адыгэ псалъэ» газетри. Зи быныр адыгагъэм хуэзмыщий, адыгэбзэ езмыгъащlэ адэ-анэр а сабийжьм къыщагъэкъуэнщхьэ зэманм къэсыкlуащ. Адыгэбзэкlэ мыгупсысэфу, мыпсэлъэфу, емыджэфу балигъ хъуа нэужь. Нобэкlэ абы дынэсакъым, сыщогуть зэи апхуэдэ гуныкъуэгъуэ къытлъымыхьэну! «Адыгэ псалъэ» газетым и цlэр лъапIэщ. Абы къыхэкlыу адыгэ къэжьащ, адыгэ зэрыгушхуэ хьэщlагъэм, адыгэ хабзэм нэхъыбэрэ фытезгъэтхъысынут. Ар зэи лей хъунукъым, ди щlэблэм къахэущхьэпэжьнущ. Къыщынэмыщlауэ, альандзрэ сызыщымыгъуэза, зэи зэхэзмыха псалъэ куэд дыдэ сыщрохьэлIэ газетым. Ахэр гъэнэхуэн, къэщтэжьи, ди бзэм къыхэшэжьын хуейщ. Адыгэбзэм щымыщу къыхэпшэхуа псалъэхэм ди бзэр нэхъ щэрыуэ ящIра?. Адыгэр нэхъыбэу щlипсэури адыгэбзэм щрипсалъэри къуажэжэгъуэ. Арауци, къуажэжэм нэхъыбэрэ фытетхыгъэтэмэ, фытепсэлъыхьатэмэ, газетым щlэупщlэр нэхъыбэ хъунт. Фи лэжьыгъэм фIыр и нэхъыбэщ. Щыуагъэ зыIэщlэмыкlыу щыIэжьым, апхуэдэ гуэрхэми гу лъызотэ. Ауэ абы фи зэхэщlыкlкlэ фегупсысыжь, Iэмал кьыхуэзгъуэт. «Адыгэ псалъэр» «Ленин гъэгуу» щыщытами къыщlытхуэмыкlуа «Iэшъхьэрыкъым. Зауэ нэужьым гъащlэр щынэхъ хьэлъэм си анэм ахъшэм япэ иригъэщырт газетыр! Ар ди Iэнащхьэм телъын хуейт. Нобэ си унагъуэм къытхуокIуэ «Адыгэ псалъэ», «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Кабардино-Балкарская правда», «Горянка», «Маяк», «Аргументы и факты», «ЗОЖ» къыдэкlыгъуэхэр. «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм сыщеджэкlэ, ручкэ плъыжьрэ тхьылъымпIэ къабзэрэ Iэнащхьэм тельщ. Нэхъ сызыхуейуэ спытэхэр зэхэзохьэс, къыжьатэмэ, газетым щlэупщlэр нэхъыбэ хъунт. Фи лэжьыгъэм фIыр и нэхъыбэщ. Щыуагъэ зыIэщlэмыкlыу щыIэжьым, апхуэдэ гуэрхэми гу лъызотэ. Ауэ абы фи зэхэщlыкlкlэ фегупсысыжь, Iэмал кьыхуэзгъуэт. «Адыгэ псалъэр» «Ленин гъэгуу» щыщытами къыщlытхуэмыкlуа «Iэшъхьэрыкъым. Зауэ нэужьым гъащlэр щынэхъ хьэлъэм си анэм ахъшэм япэ иригъэщырт газетыр! Ар ди Iэнащхьэм телъын хуейт. Нобэ си унагъуэм къытхуокIуэ «Адыгэ псалъэ», «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Кабардино-Балкарская правда», «Горянка», «Маяк», «Аргументы и факты», «ЗОЖ» къыдэкlыгъуэхэр. «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм сыщеджэкlэ, ручкэ плъыжьрэ тхьылъымпIэ къабзэрэ Iэнащхьэм тельщ. Нэхъ сызыхуейуэ спытэхэр зэхэзохьэс, къыжьатэмэ, Абыхэм ящыщщ илъэсым и «Махуэ-гъэспэ», Хэку зауэшхуэм теухуа тхьылъэхэр, нэгъуэщlхэри.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакlуэхэр куэдым хуэIэижьу, хуэшэрыуэу, хащlыкlыу, екIуу тепсэлъыхьэфу, тетхьыжьфу щытым хуейщ. Си гугъэмкlэ, фэ ар къывожьулIэ. Си гуапэ хьунут фи зэфIэкlым нэхъри хэвгъахъуэмэ!

ФЫРЭ Анфисэ.

ШколакIуэхэм КъБКъУ-м и библиотекэм зыщаплъыхь

Бэрбэч Хьэтlуатlэ и цlэр зезыхь Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекlуэкlащ «КъБКъУ-м и щlэныгъэ библиотекэр - школакIуэхэм я нэкlэ» зи фIэщыгъэ нэгузыужь-узэщlыныгъэ Iуэхугъуэхэр. Абы къырихьэлIащ Прохладнэ щlыналъэм хыхьэхэу Прималкинскэ къуажэм, Солдатскэ станицэм дэт курыт еджапIэхэм я егъэджакIуэхэмрэ школакIуэхэмрэ.

ХьэщlэхэР къраГъэблэгъащ а зэхуэсыр кьыззэригъэпэщащэу КъБКъУ-м и щlэныгъэ библиотекэм и унафэщlым и къуэдзэ Багъ Заремэ, университетым щlэтIысхьэнухэр щагъэхьэзыр, я щlэныгъэр къззыпщlытэ къудамэм и унафэщlу Къэрэшей Аксанэ, КъБКъУ-м психологие дэIэпыкъуныгъэмкlэ и центрым и унафэщlу Багъ Риммэ сымэ.

Къэрэшей Аксанэ хьэщlэхэр щыгъуазэ ищlащ КъБКъУ-м щеджэжьм я lэ хуитныгъэ хэхахэм, я щlэныгъэм зэрыхагъахъуэ Iэмалхэм.

Багъ Риммэ кърихьэлIахэм яхутепсэлъыхьащ тхыдэлымпIэ психологием теухуа литературэмрэ цlыхум и гъащlэм щаубыд увыпIэм, езыр-езыру еджэныкlэ, щlэныгъэ зэгъэгъуэтыныкlэ, цlыхум хуэзфIэкlыну хъэпщlытэныкlэ психологиер дэIэпыкъуэгъу зэрыхъум.

Багъ Заремэ нэхьжьыщlэхэр щыгъуазэ ищlащ библиотекэм и къалэныр и лэжьыгъэмрэ, апхуэдэуи зыщыгъэпсlыхьыжьащ цlыхухэм Iэхъутхьэбзэ щыхуащlи къудамэм.

Гуманитар, жылагъуэ щlэныгъэхэм ятеухуа тхыпlхэм щеджэ пэшым и унафэщlТыIэщ Ларисэ тепсэлъыхьащ Ельцин Борис и цlэр зезыхьэ президент библиотекэм и гъуэсу ирагъэкIуэкl лэжьыгъэм.

Щlэныгъэ литературэмкlэ къудамэм и унафэщlДал Айсэнэтэр тхылъ гъуэтыгъуейхэр зыщlлъ къудамэм и унафэщlУнэж Ритэрэ я лэжьыгъэхэм щыгъуазэ ящlащ. Мы фондым лъэныкъуэ куэдкlэ къагъэсэбэп тхылъ гъуэтыгъуей куэд щlэлъщ. Iэхъщlэхэм ирагъэпсъугъуащ блэкlа лIэщlыгъуэхэм ятхахэм щыщхэри.

Библиотекэм и лэжьакIуэ Батl Мадинэрэ Борэн Марятрэ я гъэхьэзыращ икlи ирагъэкIуэкlащ «Психологие и лъэныкъуэкlэ куэд кьызыщlэзыубыдэ дуней» гъэлъэгуэныгъэ-джэгуф, еджакIуэхэри хэту.

БИЦУ Жаннэ.

● Фысакъ

Гъэшым хэлъ пкъыгъуэ зэранхэр

Зэманкlэ дызэIэбэкlыжмэ, псом нэхърэ ярескъым сэбэпу къалъытэу щыта гъэшхэкlхэм я къабзагъым хэщl зэпытщ. Сульфаниламид, нитрофуран, нитрат, формалин, содэ, натрийм и гидроокисыр, аммиак).

АХЭР шэм хьихьэнкlэ мэхъу Iэщым хущlъэгъуэгъэ щхьэхуэхэр щрахьэлIэкlэ, жэмыр кьызэращ аппаратхэр щатхьэщlыжжкlэ, фIагъэ зыбгъэдэмыльэ Iус щрагъэзащхьэ. Абыхэм псом ялъэ иукlэ къыжьмкlэ сэбэпышхуэ гъэшым хэлъ щэгъэбIэлу (молочнокислэ) бактерийхэр. Аращ нобэ сабий куэдым къефыкlэ аллергие, дисбактериоз, диатез узыфхэхэри къызыхэкlыр.

Бактерийр зыукl пкъыгъуэхэр узыншагъэмкlэ зэрызэраным къыщlыжмыщlауэ, щэр гъэпцlэным, зэщlгъэкlыным ехьэлIа Iэхъуэхэр щамыгъэззэщlхэхэ щыIэщ, абы елэжь предприятэхэм хэщlыныгъэшхуэхэр къахуихьу. Пкъыгъуэ зэранхэр гъэшым щыхалъхьапэ къохьу хабзэм ебакъуэ цlыхуу щхьэхуещхэмэ. Апхуэдэ гъэшыр пшхыи абы зыгуэр къыхэпщlыкlи зыужьыным. Аращ щэм и гупсэ щыгъуэ къыжьэпщlыжьи щlыхуейр. Абыкlэ къызвдэIэпыкъунущ «Россельхознадзор» ФГБУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэ референт центрым» и лабораторэр.

Псейхэр ягъэщIэращIэ

Налшык къалэм Абхъазымрэ Зэгурыlуэныгъэмрэ я ут нэхъыщlхьэхэм илъэсыщlэ псейхэр псом япэу къохутэ.

МАХУИТI зэкlэлъыкlуэм къриубыдэу зэпкъралъхьа псей Iэрыщl лъагэхэм зауэ хъуреягъэр ягъэдэхащ. Абыхэм я фащэр нэгъэбэрейм къызэрыщщхьэщыкl щыIэкъым: Зэгурыlуэныгъэм и утым щагъэувам щыгъэ зэщlэпщlыпщlэ кlыхьхэр зэхуэдэу къраблих, Iэхэлъахэр кlыгъэнэхуу. Гъэ къэси хуэдэу, къэуухьышэ гъэщlэрэщlаIэри ягъэувынущ, сабийхэми балигъхэми сурэт щызытрагъэх хъуну. Абхъазым и утым щыщlэращlэ псейр, абы къыщlхьэщlыкlыу, хьэпшып щIуугъэнэхмкlэ гъэщlэрэщlащ. Илъэситl илэкlэ ар яхуэпат куэдым гунэс ящыхьуа «ретро» мардэм тету. Пасэ зэманым щыIа открыткэ куэду зэпыщlащхэр, тхылъымпIэм къыхэщlыкlа уэс дадэхэр, къуалэбзуэхэр, уэс Iэшлкlэ зэщlэпщlыщlэхэр - псори нэхъыбхъэм дэрэжагъуэ къезыт гукъэкlыжт.

Илъэс кIуам псейм нэхъыбэу фIэлъащ шархэр, таурыхъ персонажхэр, лэрыпс пщlыпщlхэр. Мы илъэсым псори зэхуэдэу зыхэзщlэзыкlуэ дизайн ират: ваГъуэхэр, уэс налъэм и тхыпхъэ гъащlэгъуэнхэр, Iумыл Iуэнтlахэр нэгъуэщlхэри.

Зэрыфащlури, мы илъэсыщlэр, гъэкlэ хуэдэу, Iэтауэ ягъэльэпIэнукъым, Украинэм щекlуэкl Iуэхухэм къыхэкlыу. Школхэмрэ сабий садхэмрэ илъэсыщlэ зэхъыхь мыинхэр щграгъкlуэкlыну аркъудейщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Псэр щыушэ сатырхэр

Зы усыгъэ дуней дыщыхоплъэ Къаныкъуэ Заринэ и «Хэку» усэ тхылъыщlэм. «Тетрограф» ООО-м иджыблагъэ къыщыдэкlа тхылъыр купщlэкlи теплъэкlи екIуу. Тхылъеплъхэри напэкlуэцlхэри усэхэм я дуней хуэфащэ сурэт теплъэхэмкlэ и итъщlэрэщlаIэ. Псэралъ Мадинэ. Усэ тхылъым и пащlэдзэщ Нало Заур Къаныкъуэм и усыгъэм теухуауэ итхауэ щыта «Псэрыусэ» тхыгъэр.

«ЗАРИНЭ и псэр адыгэ пшынэм ещхьщ, дэтхэнэ пшынэ Iэпэм еIусэми, зэIусам и макъыр хьэIуу – зы Iэпэм ягъэ щхьэгъэзыIу, ягъэ щlэгъэзаIэр, щlытемыплъэр жеIэ усакIуэм:

Сощlэ схэщlыр – лъэпкъыр бзэншэ мэхъу.

Пшынэр зэрыбзагъэр игу къыкlэуми, пшынауэ-наиэр фIэпсэкlуэдми, усакIуэм и гум гугъэ быдзэ ильщ, игу хэзыгъэщlыр пщlыхь щынагъуэу къыщlэкlыжьырщ зыхуихьыр:

Нэху сыкъокIри, си пIэм соувэж,
Псэ сэтэхухкlэ пщlыхьыр
ахьнукъым пэж.

Истамбылакlуэ гъуэгурэ хъ ФIыщlэмрэ адыгэ усыгъэм щызэгъэуцlа. Къаныкъуэм «Уэ Истамбыл укъоK!» зыфIища усэми ар щыIупщlщ. Хэхэсым и гукъеуэщ, и гукъанэщ икlи и губжьщ хьр зыщlэдэIур, ар зэрыхэбэукlри зригъэщхьыр истамбыл гъуэгум тетам и бзуэкlэрщ. Усэм кьыхуоу адыгэгум зэрыпыщlар, хэхэс адыгэпсэр Хэкумкlэ кьызэрыгъэзащ:

Зи псэ къэзыхь зэпыт,
зи лъэ изыулъхьэ вакъэ,
Уэ Истамбыл укъокI...

«Дэ тхыдэр дджыкъым – езым деджыж» усэм щыжеIэ адда жьжькэ къдгъэзна тфIэщl блэкlар ди япэкlи зэрыщlыгъэр, дызэрыущlэнур, ттеуха куэд абы зэрекъэ лъадакъэ лъагэ, лъапэ папщlэ слъыгъыу, гъуэншэдж зэв сщыгъыу. Председателыр, Иуан Хьэтlий, си лъапэм къызыщlыщlэдзауэ сызэпиплъыхьащ, пыгуфIыкIри: «Щы-рыкъуэрэ гъуэншэдж тэмэмрэ пщlэгъыу пщэдей лэжьапIэ къакIуэ, щlалэ!», - жиIащ. Ауэрэ Комсомолым и Аруан комитетым сыхьыхьащ, 1970 гъэм абы и унафэщlу сыхахащ. 1974 гъэм къуажэм къэзгъэзэжащ колхоз тхьэмадэм и ешуэдзэ, щlыпlэ парт organизацэм и унафэщlу къулыкъуэр зесхьэну, - жеIэ Мухьэрбий.

1971 гъэм Мухьэрбий унагъуэ ихуащ, Къэгъэзэж Лэпуцэ щхьэгъусэу къыщlэри. Бын закъуэу, адэжьым къэхъуа щlалэр щlэхъуэпсырт унафэгъуэшхуэ иIэну. Мухьэрбий и гъащlэр къэзыгъэнэхуа, Iэфl хуэзыща япэ сабийр къащlэхъуащ 1977 гъэм фокIадэм и 14-м. Дунейм къытехьащ и щlалэ Джабрэлил. А Iэхъугъуэм илъэсихкlэ пэплъа зэщхьэгъуситlым я дежкlэ гуфIэгъуэшхуэт ар.

1977 гъэм Мухьэрбий къыхуагъэфащэ КПСС-м и Аруан районым и горотделым и инструктор къалэныр, 1981 гъэм мэкъумэщ лэжьакlуэхэм я профсоюзхэм я райкомым и унафэщlу кlуныкъур.

1979 гъэм дунейм къытехьащ ипхъу Маринэ, 1982 гъэм хъыджэбз нэхъыщlэ Iэминат.

- Сыт хуэдэ лэжьыгъэ сыпэрымытами кlуныкъу зезмыхьами си къару кьихь къэзмыгъанэу, злэжьыр сфIэмащlэу сыкъэгъэугурыкlуащ. Ауэ профсоюзым сыщыщlыта лъэхъэнэр нэхъ гукъинэ сщыхуащ. Ар хуэмыщlауэ псэуэзэн защыщlэдгъэкъуэф, лэжьакlуэхэм я сабийхэр зыгъэпсэхупIэхэм хуиту щыдгъэкIуэф зэманти, ди хэкуэгъуэхэм даздэрыдэIэпыкъуфым уи гур химыгъэхуэу къыкlэнэртэкъым. Къэхъуащ: зэман «Лэгъупыкъу» зыгъэпсэхупIэм сабийхэр класс псокlэ, я егъэджакlуэхэр ящыгъуэу щыдгъакIуэу щыщыта. А лэжьыгъэр профсоюзхэм Iахыу, Iэхъуащlапlэ щхьэхуэ хъуа нэужь, ди щlыналъэ сабийхэмрэ лэжьакlуэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэм гъэкIуэнкlэ Iахыу, Iэхъуащlапlэ щхьэхуэ хъуа нэужь, ди щlыналъэ сабийхэмрэ лэжьакlуэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэм гъэкIуэнкlэ пIэу къэнауэ жыпIэ хъунущ. Абы псори яцlэзэщlэжат. Профсоюзым илъэс 26-кlэ сыщылэжащ, 2007 гъэ пщlондэ. Нобэкlэ сыунагъуэ дадэщ, къэрыпlъхуэр согъаз, унагъуэ Iэхъу согъэзащlэ...

Абы и закъуэжьым Мухьэрбий щапхъэу къахьыну кьыззрилэжьыр. Джэдгъэфхэ я унагъуэм щопсэу дызэщlэхъуэпс, нобэкlэ гъэзытlуэгъэ хъуа анэдэлъхубзэ дахэр, адыгэ хабзэр, щэныр. Джэдгъэфым и къуэрылъху-пхъурыпlъхуэр къуажэм, хуейм, щынапlъэм, Урысейм щекIуэкlэ зэпеуэжэм къанэр щымыIэу хэтщ, бжьыпlэр зыIэрагъэхьауи къагъэзэж. Дауи, ар унагъуэр зэрыгушхуэщ, лъэпкъым и пщlэр зыIэт Iэхъугъуэщ. Джэдгъэфхэ щэныгъэпсэщ, зэпымыпрevi тхъыпlэ йоджэ, республикэм къыщыдэкlэ журналхэм, газетхэм Iэ традзэ

● Пшыхьхэр

Бейтыгъуэныр ягъэлъапIэ

Налшык и 9-нэ курыт еджапIэм пшыхь гуапэ щекIуэкIащ. Абы ирагъэблагъат иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуэ тханыр, тхыдэдж-архивист, философ, журналист, критик, щIэнгъуазэ зи кIалэмыпэм къыщIэкIа Бейтыгъуэн Сэфарбий. Школым и лэжьакIуэхэмрэ щеджэхэмрэ и дэIэпыкъуэгъуу ар къыщIэригъэпощащ Налшык къалэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и методист ЛIы Iэщым Людмилэ.

НЭХЪЫЖЬЫФIЫМ трауху зэIущIэм зыкъраГъэхьэлIат какIэ школхэм я егъэджакIуэхэм, композитор цIэрыIуэ Хьэлупэ Джабрэ1ил, и гъэнэгу икIи и ныбжьэгъу Бэлагъы Олег, ди республикэм щIыхь зиIэ и журналист МахуэлI Хьаджэт, и благъэ-Іыхьлыхэм, тхакIуэм пщIэ хуэзыщIу абы и гуащIэр зыльытэхэм, нэгъэщIэжьи.

Уи жьIэгъуэм дихьэхам
И гур къызэщIонэ:
Уи псалъэщ зэхихар
Игу псалъэжьу къонэ!

УсакIуэ цIэрыIуэ Тэхъутэмыкъуэ Зубер мы и псалъэхэр жьантIэ Іуплъапіэм щыгIэдза экранышхуэм кьытоущ. Сэфарбий къыщалъхуа Къармэхьэблэ кIуэажэм теухуа уэрэд дахэмкIэ пшыхьыр кьызэIуахащ икIи япэу псалъэ иратащ КЬБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм псалъэкьыбзэхэр егъэджэныжьмкIэ и кьудамэм и унафэщI Мыз Залинэ. Сэфарбий и тхылъу зыщыгъуазэхэм ар гупсэхуу тепсэлъыхьащ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ телевиденэм щигъэзыгъуазэ щыта нэтынфэ Бейтыгъуэным зи гугъу щищIауэ щымыгъупщэжхэр игу къиГэжьыжащ, узынщагъэ быдэрэ гукъыдэжрэ иЭныи екъуэхъуащ.

- Мыбдеж щIэс цIыху хэсс ди щIыбагъым кьыдэтщ ди къэкIуэнум, дыфIэрафIэу, ди ныбэ изу дыпсэуным, ди лъэпкъым и щхьэ кьрикIуар тщIэжьиным, адыгэ тхылъ деджэну, лъэпкъ щIэж диЭну дыхуитыным елэжьахэр. Ахэр куэдым пхыкIащ адыгэ лъэпкъкIэ дыздэжжьыфу, ди щхьэ тхъумэжьфу дыкъызэтенэным папщIэ. Мис а Іуэхущхэм Сэфарбий хуэдэхэм хэлъхьэныгъэ ин хуащIри, ди жьантIэр уэ хуэдэхэмкIэ, Сэфарбий, нэхъыжьыншэ мыхъуу дигъэпсэу, адыгэ лъэпкъыр дыщIигъэIэ. Щапхъэ фыгтхэхъуу нэхъыжьыфIхэр ди япэ куэдрэ тхьэм фригъэт, фыкъызыхэкIам хуэфащIэ-хуэвлэжьыр зыхэзэщIыкIын щIэблэ дэри тхьэм дищI, - жиIащ Залинэ.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм кьызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ Бейтыгъуэным и ГъащIэм, и Гуащ1эм, и лэжьыгъэм, и екъуэлIэныгъэ псоми. ЖьIпIэнурамэ, зыхамыщIыкIыу, кьамыугъуэйуэ зыри кьамыгъэнами ярейт. Утыкум зэблэкIыу къохьэ школым щеджэ ныбжьыщIэхэр, дэтхэнэми жиIэн иIэщ я хьэщIэм папщIэ.

- Публицист гъэзэждж, тхакIуэ, куэд дыдэ къызэщIэзыубыдэф гупсысакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий и илъэс зыбжанэ ипэкIэ телевиденэм щигъэзыгъуазэ щыта нэтынфэ Бейтыгъуэным зи гугъу щищIауэ щымыгъупщэжхэр игу къиГэжьыжащ, узынщагъэ быдэрэ гукъыдэжрэ иЭныи екъуэхъуащ.

- Мыбдеж щIэс цIыху хэсс ди щIыбагъым кьыдэтщ ди къэкIуэнум, дыфIэрафIэу, ди ныбэ изу дыпсэуным, ди лъэпкъым и щхьэ кьрикIуар тщIэжьиным, адыгэ тхылъ деджэну, лъэпкъ щIэж диЭну дыхуитыным елэжьахэр. Ахэр куэдым пхыкIащ адыгэ лъэпкъкIэ дыздэжжьыфу, ди щхьэ тхъумэжьфу дыкъызэтенэным папщIэ. Мис а Іуэхущхэм Сэфарбий хуэдэхэм хэлъхьэныгъэ ин хуащIри, ди жьантIэр уэ хуэдэхэмкIэ, Сэфарбий, нэхъыжьыншэ мыхъуу дигъэпсэу, адыгэ лъэпкъыр дыщIигъэIэ. Щапхъэ фыгтхэхъуу нэхъыжьыфIхэр ди япэ куэдрэ тхьэм фригъэт, фыкъызыхэкIам хуэфащIэ-хуэвлэжьыр зыхэзэщIыкIын щIэблэ дэри тхьэм дищI, - жиIащ Залинэ.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм кьызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ Бейтыгъуэным и ГъащIэм, и Гуащ1эм, и лэжьыгъэм, и екъуэлIэныгъэ псоми. ЖьIпIэнурамэ, зыхамыщIыкIыу, кьамыугъуэйуэ зыри кьамыгъэнами ярейт. Утыкум зэблэкIыу къохьэ школым щеджэ ныбжьыщIэхэр, дэтхэнэми жиIэн иIэщ я хьэщIэм папщIэ.

- Публицист гъэзэждж, тхакIуэ, куэд дыдэ къызэщIэзыубыдэф гупсысакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий и илъэс пщIейм кьирибудэу ищIар сыт хуэдизрэ тхужьIэнукъым, кьыпхуэлъытэнукъым. Абыр и жьIэгъуэхэмрэ сэ ззэгъэщхьыр жыр гъэжаращ, - жиIащ Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм гъэзэждэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КЬБР-м и цIыхубэ артист Хьэлупэ Джабрэ1ил. Зи махуэр зыхуагъэлъапIэ нэхъыжьым и цIэкIэ зы уси кьеджащ, езы Джабрэ1илии жиIауэ, ухуейм чы лантIэ, уфIэфIмэ, щIэп кIапсэ пщIы хьу адыгэбзэ щIэгъэщхъуамкIэ итхауэ.

КьафэкIэ, уэрэдкIэ, бэрэбанэрэ пхъэщIыныгъэ екIуу зыщIат пшынэбзэ дахэкIэ гъэнщIауэ щытащ зэIущIэр. 9-нэ школым музыкэмкIэ и егъэджакIуэ Емызэгъ Руслан и уэрэд жьIэкIэр кьызэхуэсахэм ягу зэрыдыхьар Іупщ1т. ЕджакIуэцIыкIуэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи зэпадзыжу кьеджащ. Сэфарбий и жьIэгъуэхэм, псалъэухуахэм. Апхуэдэуи пшыхьым щыIуащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ 9-нэ школым и егъэджакIуэхэу КIуэкIуэ Лерэрэ Кьалмыкъ Альбинэрэ Бейтыгъуэн Сэфарбий хуатха усэхэр.

ХьэщIэм псалъэ щратым, абы бысымхэм захуигъэзащ фIыщIэ псалъэхэмкIэ икIи кьыхуигъащ апхуэдэ Іуэху кьэпIэтыным щIэблэмкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Мыбдеж щыжаIаэхэм щыщу зы псалъэ фи гум ивубыдэфрэ гъащIэ гъэгъум гъуэмылэ щыфхуэхъумэ, сынасыпыфIэщ, - жиIащ Сэфарбий. – Дэ лъэпкъ дыщыхъукIэ, ди нобэм и мызакъуэу, ди кьэкIуэнум дыкIэлъыплъын хуейщ. Ар кьызытехуэ ди нэхъыжьхэм псэемыблэжу Іуэхур ирахьэкIын хуейщ, ахэр зыщыгугъыну щыIэри кьытщIэхъуэ щIэблэращ. Адрей лъэпкъхэм дакьыкIэрымыкъуу, Іэмал зэриIэкIэ даззрыпкеIуэкIын яужь.ditу дэтхэнэ зыри лъэпкъым дыхуэпэжьапхъэщ, ди бзэр зэрытхъумэным яужь дитыпхъэщ. ЗэрытщIэщи, бзэр хэкIуэдэжмэ, лъэпкъ щыIэжкъым. Абы теухуауэ иджыпсту ди щытыкIэр тэмэму схужьIэнукъым, ауэ ущIэгугъжеини сльагъурккъым. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, нобэ кьэпсэлъа ныбжьыщIэ цIыкIуэр дыщиIэкIэ ди Іуэхур Іейкъым, хэдгъэхуэфу щытмэ. Хэдгъэхуэни хуейщ, унагъуэ Іуэхуэкіэ, уэрам уэрэшэр кьудейкіэ лъэпкъыр пхузэхьэнукъым, пхузгъэкIуэтэнукъым. Лъэпкъыр тхуэзыхьмахэм дахуэфащэу дыщымытмэ, нобэ кьэдгъащIэр хьэрэмщ. Лъэпкъ хабзэ иIэу ди къэралым адыгэм фIэкIа зыри искъым. А лъэпкъ хабзэм, лъэпкъ нэмысым дыхуэпэжу дыщымытмэ, ди бзэр дымыхъумэжмэ, щыщIэныгъэшхуэ дгъэтынущи, ар зыхуэзэфIэкIын дыхъуну сыныбохъуэхъу.

ЗэIущIэр зэхуищIыжащ пшыхьым и кьызэгъэпэщащIэу ЛIыIэщын Людмилэ. Бейтыгъуэн Сэфарбий и гуащIэр школ программэм хэмыту классщIыб лэжьыгъэу фIэкIа зэрымыджьр игу кьызэреуэр ибзыщIакьым абы. Псоми фIыщIэ яхуищIащ Людмилэ икIи Сэфарбий и гуащIэр мыкIуэщIу лъэпкъым дяпэкIи хуэлэжьэну зэригуапэр кьыхигъащащ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЦIыхухъу нэпскIэ гъэнщIа

FIFA WORLD CUP Qatar2022

Катар къэралыгъуэм щекIуэкI дунейпсо чемпионатыр иухыным махуэ зыбжанэщ кьэнэжар. Мы жэщ дызыхуэкIуэм сыхьэт 22-м щIидзэу Аргентинэр Хорватием, Франджыр Мароккэм дэджэгунущ. ТекIуэныгъэ къэзыхьа командитIым щыщу дыщэ медалхэмрэ Кубокымрэ зыIэрызыгъэхьэнур тхьэмахуэ дызыхуэкIуэм, сыхьэт 18-м щIидзэу, зэхагъэкIынущ. Хагъэщ1аитIыр ещанэ увыпIэм, дыжьын медалхэм щIэбэныну, щэбэтым, апхуэдэ зэманым яублэу.

ДЭЩIАКIУЭХЭМИ футболистхэми я нэпсхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ иужь зэIущIэхэр. Хэтрэ гуфIэгъэ гъэм, хэтрэ гум щыIэ. Дагуаузм кьыщIихуа нэпскIэ. ТекIуэныгъэр кьэзыхьыну командэр кьэщIэгъуафIэу щытамэ, футболым апхуэдизу цIыху дихьэхынутэкъым, апхуэдэ лъагъунытэ гуащIи хуащIынутэкъым. Абы шэч лъэпкъ хэлъкъым.

Хэт и гугъэнт тхуэнейрэ дуней псом и чемпион хъуа, зи чэзу текIуэныгъэм, Неймар и фIыщIэкIэ, 1:0 бжьыбэкIэ хуэкIуэ Бразилием дакьикъэ 17 фIэкIа къэмынэжауэ, Хорватием зэхуэдэ иригъэщIыну екъуэлIэныгъэр зыIэщIигъэкIыну. Шэч хэмылъу, тхыдэм кьыхэнэнущ, псом хуэмыдэу. Хэтрэ гуфIэгъэ гъэм, хэтрэ гум щыIэ. Дагуаузу, футболыр фIыуэ зыльгъэгу псоми ящымыгъупщэжынщ дигъэкIа гол бжьыгъэмкIэ футболист щIэрыIуэ Пеле кIэлъыщIыхьэн мы зэIущIэм щыхуэзфIэкIа Неймар куэдрэ зэщIидзэу гъыуэ зэрыщIылъар, и командэр Хорватием пенальтикIэ 2:4-уэ кьыхэхъщIауэ джэгур щиухащ. Дауи, псэкIэ гъэвыгъуейт апхуэдэ щIэщхъур.

Шэч хэмылъу, ныбжькIэ нэхъ щIалэ бразил командэр дахэу икIи Іэзэу джэгуат, ауэ куэдрэ ди нэгу зэрыщIэкIащи, екъуЛIэныгъэ уиIэн папщIэ ар мащIэIуэщ. Хорватием и футболистхэри пхужьIэнутэкъым мыззэзу. Зи ныбжь хэкIуэта мы командэм мымащIэу зэрыхэтым кьыхэкIыу текIуэныгъэкIэ закъуэтIакъуэт щыгугъыр. Ауэ Хорватием и футболистхэр нэхъ бзаджэу, губзыгъэу икIи насыпыфIэу кьыщIэкIащ.

Бразилиемрэ Неймаррэ я гуаузм ещхьт Португалиемрэ Криштиану Рональдрэ кьыщыдари. Уеблэмэ нэхъ Іыгъыу щэ ягъэщI. Яэрауэ, зи лъэкIыныгъэкIэ щIэрыIуэ икIи чемпионатым екIуэрэ-ещхьыщIэжгъу, топ куэд зи хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм дзэныгъэкI командэр кьыхигъащIащ зы зэхьэзэхуи зэфIэкI инкIэ кьыщыхэмыща Мароккэ кьэралыгъуэ цIыкIум и командам (1:0 бжьыгъэкIэ). Етуанэрэуи, мы дунейм нэхъ футболист щыщIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зыуэ кьалъытэ Криштиану Рональду джэгуплI губгъуэм кьыщрагъэхьар, куэдым гъэщIэгъуэн зэращыхъуащи, 51-нэ дакъикъэщIэ, ныжьэжаныкIыну хунэсакъым. Мыбы илэ кьихуэу Португалиемрэ бжьыгъэшхуэкIэ, 6:1-уэ, Швейцариемрэ и командэр агъэщIами, егъэлеяуэ дащIакIуэ куэдым фIыуэ ялъагъу спортсменыр и тренер Фернанду Сантуш мащIэу фIэкIа зэримыгъэджэгуар си фIэщ хъурккъым куэдрэ ирамыдэкIыну.

Мы зэIущIэри щиухам футболист щIэрыIуэ зэщIидзэу гъыуэ стадионым зэрикIыжар зыльгъэгъуэу имыгъэпIейтеи щыIэу кьыщIэкIынкъым. ГурыIуэгъуэкъым апхуэдизу илъэскIэ Португалием и командэм и капитану щыта, зэпымыууэ и пажэу, щапхъэфI игъэльагъуэу кьекIуэкIа, и голхэмкIэ текIуэныгъэ мымащIэ кьеэзыгъэхьа Рональду тренерыр щIыIэ кьыщIыхуэхъар, командэм и щIыб кьыщIыхуиГэззар. Къралым и спорт щIыхьыр апхуэдэу льагъу зыIэтам, илъэс 37-рэ зи ныбжьым апхуэдэ пудыныгъэ, дауи, кьилэжьтэкъым.

Иджы чемпионатым зи зэфIэкIкIэ кьыхэхъыдыкIа Мароккэ, Африкэ кьэралыгъуэ щIыкIум, и командэм теуухуауэ.

Узэкъуэтмэ, узэгурыIуэгъуэ, убзэшэмэ, лIыгъэрэ гушхуэныгъэрэ пхэлъмэ, пльэкIыну зыхуэдизыр наIуэу мы гупым кьаГъэльэгъуащ.

Си фIэщ хъурккъым, адэкIэ дапхуэдэу Мароккэр мыждэгуми, футболистхэм «Лъэпкъым и лIыхъужь» щIэр кьыхуамыгъэфащэну. Псом япэ игу я гуащIэхэтемырэ тренерымрэ. Илъэс 31-рэ зи ныбжь Яссин Бунэ иужь джэгугуIуплI Катарым щригъэкIуэкIам зы тогI фIэкIа щыдигъэкIакъым, ари щыуагъэкIэ езым и футболистхэр «кьыхуэупсауэ» араща. Гу лъытапхъэщ, пашэныгъэр кьихуэну зыхуагъэфащэхэм ящыщ испан командэ лъэрызехьэм, уеблэмэ метр 11 тезыркIэ ар щIэнейрэ зэрыхуэзфIэмыкIам.

Иужь джэгугъуиплIым текIуэныгъэщ кьызэрыщихьар (Испанием - 3:0, Канадэм - 2:1, Бельгием - 2:0), дунейпсо чемпионатым етIуанэ щыхуэа Хорватием 0:0-уэ зэрыдэджэгуар кьэплъытэмэ, Мароккэм и текIуэныгъэхэм адэкIи пищэми Іеищэу бгъэщIагъуэ хъунукъым. Апхуэдэу тельыджэ тщыхъун Іэхуэгъуэхэр футболым хэдмылъагъуэмэ, сытыт абы дыщыдихьэхьжьнур?!

Егъэлеяуэ гъэщIэгъуэну екIуэкIащ адрей зэIущIтIри.

Япэу дыкьыстеувыIэнщ иджыри егъэлеяуэ цIэрыIуэ, илъэс 35-рэ зи ныбжь, кьыкIэлъыкIуэ топыр Нидерландхэм я гъуэм дзэныгъэкIэ Мессирэ Аргетинэм и командэмрэ зэрыджэгуам. Пэжщ, щIэщхъу бзаджэ мыбыхэми кьащIыщIынымк мэхъьалщ иIэжар. Дакьикъэ 35-нэм Науэль Молинэрэ зэIущIэр и кIэм нэблэгъауэ метр 11 тезыркр кьигъэсэбэпу командэм и капитан Мессирэ Нидерландхэм я гъуэм дагъэкIа топхэм я фIыщIэкIэ Джыгъэкіэ Аргентинэр япэ итт. Ауэ пасэIуэу екъуэлIэныгъэр я кьэбрыкьауэ я фIэщ хъуаи. Нидерландхэм я командэмрэ я дэщIакIуэхэмрэ я гуфIэгъуэм. Ауэ ар кIыхь яхуэхъуакъым, метр 11 тезыркэмкIэ текIуэр ягъэбелджьыльн хуей щыхъум, Аргентинэм и насып нэхъ кьикIащ. Ар текIуащ 4:3 бжьыгъэкIэ икIи медалхэм адэкIэ щIэбэныну.

ЕплIанэ зэIущIэми утеплъэкъуэкIынкIэ Іэмал иIэтэкъым. Апхуэдэу щытащ ар сыт хуэдэ лъэхъэни. ТIэуней дуней псом и чемпион (1998, 2018 гъэхэм) хъуэ Франджымрэ апхуэдэ екъуэлIэныгъэ зэ фIэкIа (1996 гъэ) зимыIа, футболым и хэку Инджылызымрэ я командэхэр зэIущIат. ТIуми зи цIэр ину Іуа футболистхэр я мащIэкъым. Ауэ, зэуэ нэм кьыщIимыдзэми, Франджым и футболистхэм я зэфIэкIыр нэхъ зэрыльтэкъым гу лъымытэу кьэнэрэткъым. Ди къралым иужьу щызэхэта дунейпсо чемпионатым дыщэ медалхэр кьыщызыхьахэм апхуэдэу джэгуныр, дауи, я кьалэнт. Бжьыгъэ чемпионхэм 17-нэ дакъикъэм кьызэIуахащ. КьыхэжаныкIар Орельен Тууменищ. Инджылызым и командэм иужь ильэсхэм и Іэзэгъкіэ нэхъ кьыхэжаныкI, и капитан Харри Кейн 54-нэ дакъикъэм, метр 11 тезыркр кьигъэсэбэпри, бжьыгъэ зэхуэдэ ищIыжьи хуэзфIэкIащ.

Ауэ мы зэIущIэм и кIэух икIи текIуэныгъэ Франджым кьезыгъэхьа топыр куэд щIауэ зи цIэр ину Іуа Оливье Жиру дигъэкIащ, Апхуэдэу, 2:1-уэ, адэкIи чемпион щIэр зэрихьэным щIэбэныну командэм хуитныгъэ зыIэригъэхьащ.

Футболым икъуэкIэ хэлIыфIыхьауэ е кууэ абы хэзыщIыкI щIэныгъэлIу зыкъыльытэжу центральнэ телевиденэм и каналхэмкIэ купщIэнныгъэ кьэпсалъэу куэдрэ урохьалIэ. Абыхэм ящыщ зым жиIауэ тхьэкIумэм иуам сыхуейт сыкьытеувыIэну. Си фIэщ хъуркъым и цIэми унэцIэми фыхуэныкъуэу. Мыращ абы и псалъэр: «Си жагъуэ хъунущ икIи чемпионатыр кIуэцIрыхуэ пэпльитащ, япэ увыпIэм щIэбэныну Хорватиемрэ Мароккэмрэ зэхуэзэмэ. Ар нэхъ яхуэфащэщ Франджымрэ Аргентинэмрэ».

Футболым пщIэ хуэзэщI, спорт лъэкIыныгъэкIэ зи цIэ ину зыгъэIуа, пщIэ, нэмыс лъагэ зиIэхэм сытым щыгъуи кьызыхуарджэр джэгукIэ дахэм икIи пэжым и тельхъэу щытыныр щ. Урысей командэр щыхэмыткIэ, гупсэхуу джэгухэм дакIэльапIъынщ. Нобэрэ пщэдейрэ ягъэбелджьыльнущ дыщэ, гъуэплъэ, дыжьын медалхэм щIэбэныну командэхэр.

Ныжьбэ, сыхьэт 22-м щIидзэу, Аргентинэмрэ Хорватиемрэ, пщэдей бэрэжьейми, Франджымрэ Мароккэмрэ апхуэдэ зэманым я зэIущIэр зэхуэблэнущ. Абыхэм я мыхьэнэр зэрыиныр кьэпльытэмэ, иджыри цIыхухъу нэпс мымащIэ зэрыщIагъэкIынум щэч хэлъкъым.

ШАФИЙ Аслъэн.

Лъэпкъ Іуэрыіуатэр зыгъэбея

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэ ІуэрыіуатэмкIэ и кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу илъэс зыбжанэкIэ лэжьа, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Тхьэмокъуэ Женя и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бжыгъэ дахэ иригъэщ.

ЛЪЭПКЪ Іуэрыіуатэм щыщ таурыхъэр джыным, я жанрхэр къэхутэным илъэс зыбжанэкIэ хуэлэжьащ Тхьэмокъуэ Женя. Абы адыгэ псысэхэр щызэхуэзэса тхылъхэр кьыдэгъэкIыным хуиГъэхъэзыращ. 2005 гъэм дунейм къытехьа «Адыгэ тарурыхъэр» тхылъым и япэ томыр зэхэзыгъэувари араща. Абы хигъэхьащ новеллэ-псысэхэр. Иужьым кьыдэкIащ «Адыгэ таурыхъэхэр» тхылъым и етIуанэ томыр, псысэ тельыджвйэр щызэхуэхьэса тхылъхэр кьыдэгъэкIыным хуиГъэхъэзыращ. 2005 гъэм дунейм къытехьа «Адыгэ таурыхъэр» тхылъым и япэ томыр зэхэзыгъэувари араща. Абы хигъэхьащ новеллэ-псысэхэр. Иужьым кьыдэкIащ «Адыгэ таурыхъэхэр» тхылъым и етIуанэ томыр, псысэ тельыджвйэр щызэхуэхьэсар. «Таурыхъым и хъуэпсапIэ» тхылъри кьыдэзыгъэкIар Тхьэмокъуэращ. Абы щызэхуэхьэсащ таурыхъэхэм я жанр зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ новеллэ-псысэхэр, псысэ тельыджвйэр, псэущхьэхэм ятеухуахэр. КьыдэкIыным хуитэкIащ Къардэнэгущ Зырамыку, Нало Заур, Гъут Іэдэм, езы Женя сымэ ящхьэжьхуажьэурэ кьызэхакIухьурэ зэхуэхьэсыжа псысэхэр. КьыжьIапхъэщ, а таурыхъэхэр кьэзыIуэтэжахэм зэрыжаIэжам зэхъуэжьIыныгъэхэр хамылтхьэу, Іуэрыіуатэм и хабзэм тету, я къэпсэлъыкIэр, диалектыр зэрахъумар. Апхуэдэхэщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щатхыжахэр. НэхъыщхьэрацIи, щIэныгъэм къиГъуэ хабзэм тету, псысэр кьызыIуэтэжам и цIэ-унэцIэри, ныбжьри, Іэщ1агъэри, зыщыщ щIыналъэри, щатхыжа гъэри гуэдзэну щIыгъужащ. Абыкъ нэрылъагъущ ди республикэм, нэгъэущ щIыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Тхьэмокъуэ Женя 2014 гъэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым кьыщыдигъэкIащ новеллэ-псысэхэм ятеухуа «Адыгэская бытовая сказка (сюжетный состав в сравнительном освещении)» и монографиер, итхащ адыгэ Іуэрыіуатэм теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ. Ди республикэм къищынэмыщIауэ, а тхыгъэхэр Абхъазыи, Тыркум кьыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ кьытехуащ. КЬБР-м и телевиденэм 90 гъэхэм Женя щригъэкIуэкIыну щытащ «Фольклор – кладезь мудрости» нэтынфэр. Абы телевизореплъэр щыхигъэгъуазэт Іуэрыіуатэм къэзыIуэтэж, зэхуэзыхьэсыж нэхъыжьыфIхэм. «Адыгэ Хасэ» лъэпкъ зэгухьэныгъэм хэтурэ, жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ бзылъхугъэ гуащIафIэм. «Акъыл» зыфIища адыгэ Іуэрыіуатэ-этнографие центрыр кьызэIуихри, Тыркум, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу хэхэс адыгэхэм я Іуэрыіуатэр зэхуихьэсыжащ. Тхьэмокъуэм и лэжьыгъэфIхэр кьалъытэри, мызэ-мытIуэ кьызыгъэфащащ КЬБР-м и Правительствэм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым я щIыхь тхылъхэр.

- Си анэм адыгэ таурыхъэм сыщигъэдэIуу сыкъэхъащ. Институтым лэжьэн щIыгъэздза нэужь, 80 гъэхэм таурыхъэхэм елэжьыныр, ахэр зэхуэсхьэсыжу кьыдэзгъэкIыжьыныр си щIэ кьыдалъхат. Институтым и нэхъыжьхэри абыкIэ кьызэдэIэпыкъуащ, Іуэгу сытраГъэуващ. Илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ институтым сызэрыщылэжьар си фIыщIэщ щIэныгъэ Іуэгум сытезыгъэзнарэ адыгэ, балъкъэр Іуэрыіуатэмрэ литературэмрэ джыныкIэ секторым и тхьэмадэу щыта, зи лэжьэкIэр щапхъэ Шортэн Аскэрбийщ, - жеIэ Тхьэмокъуэ Женя. – Москва ЭтногрофиемкIэ и институтым таурыхъыдж Померанцевэ куэд дыдэ къызэщIэзыубыдэф гупсысакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий и илъэс пщIейм кьирибудэу ищIар сыт хуэдизрэ тхужьIэнукъым, кьыпхуэлъытэнукъым. Абыр и жьIэгъуэхэмрэ сэ ззэгъэщхьыр жыр гъэжаращ, - жиIащ Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм гъэзэждэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КЬБР-м и цIыхубэ артист Хьэлупэ Джабрэ1ил. Зи махуэр зыхуагъэлъапIэ нэхъыжьым и цIэкIэ зы уси кьеджащ, езы Джабрэ1илии жиIауэ, ухуейм чы лантIэ, уфIэфIмэ, щIэп кIапсэ пщIы хьу адыгэбзэ щIэгъэщхъуамкIэ итхауэ.

КьафэкIэ, уэрэдкIэ, бэрэбанэрэ пхъэщIыныгъэ екIуу зыщIат пшынэбзэ дахэкIэ гъэнщIауэ щытащ зэIущIэр. 9-нэ школым музыкэмкIэ и егъэджакIуэ Емызэгъ Руслан и уэрэд жьIэкIэр кьызэхуэсахэм ягу зэрыдыхьар Іупщ1т. ЕджакIуэцIыкIуэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи зэпадзыжу кьеджащ. Сэфарбий и жьIэгъуэхэм, псалъэухуахэм. Апхуэдэуи пшыхьым щыIуащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ 9-нэ школым и егъэджакIуэхэу КIуэкIуэ Лерэрэ Кьалмыкъ Альбинэрэ Бейтыгъуэн Сэфарбий хуатха усэхэр.

ХьэщIэм псалъэ щратым, абы бысымхэм захуигъэзащ фIыщIэ псалъэхэмкIэ икIи кьыхуигъащ апхуэдэ Іуэху кьэпIэтыным щIэблэмкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Мыбдеж щыжаIаэхэм щыщу зы псалъэ фи гум ивубыдэфрэ гъащIэ гъэгъум гъуэмылэ щыфхуэхъумэ, сынасыпыфIэщ, - жиIащ Сэфарбий. – Дэ лъэпкъ дыщыхъукIэ, ди нобэм и мызакъуэу, ди кьэкIуэнум дыкIэлъыплъын хуейщ. Ар кьызытехуэ ди нэхъыжьхэм псэемыблэжу Іуэхур ирахьэкIын хуейщ, ахэр зыщыгугъыну щыIэри кьытщIэхъуэ щIэблэращ. Адрей лъэпкъхэм дакьыкIэрымыкъуу, Іэмал зэриIэкIэ даззрыпкеIуэкIын яужь.ditу дэтхэнэ зыри лъэпкъым дыхуэпэжьапхъэщ, ди бзэр зэрытхъумэным яужь дитыпхъэщ. ЗэрытщIэщи, бзэр хэкIуэдэжмэ, лъэпкъ щыIэжкъым. Абы теухуауэ иджыпсту ди щытыкIэр тэмэму схужьIэнукъым, ауэ ущIэгугъжеини сльагъурккъым. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, нобэ кьэпсэлъа ныбжьыщIэ цIыкIуэр дыщиIэкIэ ди Іуэхур Іейкъым, хэдгъэхуэфу щытмэ. Хэдгъэхуэни хуейщ, унагъуэ Іуэхуэкіэ, уэрам уэрэшэр кьудейкіэ лъэпкъыр пхузэхьэнукъым, пхузгъэкIуэтэнукъым. Лъэпкъыр тхуэзыхьмахэм дахуэфащэу дыщымытмэ, нобэ кьэдгъащIэр хьэрэмщ. Лъэпкъ хабзэ иIэу ди къэралым адыгэм фIэкIа зыри искъым. А лъэпкъ хабзэм, лъэпкъ нэмысым дыхуэпэжу дыщымытмэ, ди бзэр дымыхъумэжмэ, щыщIэныгъэшхуэ дгъэтынущи, ар зыхуэзэфIэкIын дыхъуну сыныбохъуэхъу.

ЗэIущIэр зэхуищIыжащ пшыхьым и кьызэгъэпэщащIэу ЛIыIэщын Людмилэ. Бейтыгъуэн Сэфарбий и гуащIэр школ программэм хэмыту классщIыб лэжьыгъэу фIэкIа зэрымыджьр игу кьызэреуэр ибзыщIакьым абы. Псоми фIыщIэ яхуищIащ Людмилэ икIи Сэфарбий и гуащIэр мыкIуэщIу лъэпкъым дяпэкIи хуэлэжьэну зэригуапэр кьыхигъащащ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Дифl догъэтъапIэ

Эрнэ и деж сагъэкIуат таурыхъхэм зэрелэжьым нэхъыфIу зыхэзгъэгъуэзэн папщIэ. А Іуэхущ1эм сызэрагъэкIуар кьысхуэхъэпащ адыгэ таурыхъым и мызакъуэу, таурыхъ дунейм сыхыхьэнымкIэ. Апхуэдэу лъэпкъ таурыхъэр зэгъэпэщным сыхуигъэсащ Померанцевэм. Абы и унафэм сыщIэту, «Адыгская бытовая сказка. Сюжетный состав в сравнительном освещении» си диссертацэр стхыри, 1986 гъэм Горький Максим и цIэр зезыхь Литературэ институтым дунейпсо литературэмкIэ и кьудамэм щыпсэу зэрыкIащ. Таурыхъэр зэхуэхъэса томитху кьыдэзгъэкIыну пщэрыль кьыщыхуащIым, абы и бжьыгъэр яэныкьуэхэм куэд ящыхъуами, тыншу зэхуэсхьэсащ, псысэкIэ лъэпкъыр дыкьулейти. Адыгэ таурыхъэр цIыхубэм я пащхьэм илъхьэжьныр Іэзэу дахэт. Псысэхэм сабийхэр щIэтпIыкIмэ, я бзэр кьиутIупщынущ, лъэпкъ хабзэр, Іущыгъэр, захуагъэр, бзэр хъума хъунущ. Бзэр тфIэкIуэдмэ, дылъэпкъыркъым. Ди бзэр тхъумэн хуейщ!

- 1979 гъэ лъандэрэ Тхьэмокъуэ Женя ди институтым щолажьэ. А бзылъхугъэм щIэныгъэфI зэрыбгъэдэпльар кьагъэнаIуэ и Іэдакъэ кьыщIэкIа лэжьыгъэхэм, – жеIэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым Іуэрыіуатэмкіэ и секторым и унафэщI Быхъурэ Мухьэмэд, – Ди адыгэ таурыхъхэр лIэужьыгъуэ куэду зэщхьэщокI. Сабий таурыхъхэм кьадэкIуэу, диIэщ балигъхэм яхуэгъэзахэри. Нэхъыбэм кьыщыгъэлъэгъуащ Іейм фIыр зэрыщытекIуэр. Зэштегъэу кьудей мыхъуу, таурыхъхэм щIэблэр щIэтпIыкIмэ, абыхэм хуэфащэ гульытэ яхуэтщIмэ, я къэухым зэрызригъэужьынум, дуней тетыкIэм фIыкIэ зэрызэхуэжьынум, ди къэкIуэнур, пщэдей зэрефIэкIуэнум шэч хэлъхьэм. Ди адыгэ псысэхэм ятеухуауэ Женя зэфIыха лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ икIи ахэр лъэпкъ Іуэрыіуатэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIщ.

Женя усакIуэ Бэвокъуэ Оксанэ